

République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Njàng



Téere kalaas

Wolof

Année 2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter cet Outil de classe y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

AVANT-PROPOS

Le présent *Outil de classe*, destiné principalement à l'élève du Cours Élémentaire 1^{ère} année (CE1), est conçu dans le cadre du programme Lecture Pour Tous du Ministère de l'Éducation nationale (MEN) du Sénégal avec l'accompagnement de l'Agence des États-Unis pour le Développement International (USAID). Il trouve sa justification dans les résultats intermédiaires du Programme d'Amélioration de la Qualité, de l'Équité et de la Transparence (PAQUET), attendus en matière d'amélioration des performances scolaires dans les disciplines fondamentales telles que la lecture.

Élaboré en langue nationale et dans une perspective d'un soutien pédagogique, cet *Outil de classe* accompagne la mise en œuvre des enseignements apprentissages en lecture initiale.

De par la déclinaison, la formulation et la structuration de ses contenus, l'*Outil de classe* constitue un intrant pédagogique qui permet à l'enseignant(e) de dérouler tous les apprentissages et à l'élève d'apprendre directement à lire.

Dans l'*Outil de classe*, on retrouve :

- des leçons pour pratiquer le vocabulaire, la lecture fluide et la compréhension avec des textes développés sur la base des thèmes du CEB ;
- des textes pour apprendre à intégrer. Ces textes sont accompagnés d'un contexte et de consignes de lecture.

Indispensable à la classe, cet outil devrait aider les élèves à développer leurs compétences en lecture.

Li téere bi ëmb

Ubbite ekool	6
Yarkat bu mag	9
Bésub setal	12
Cetug yaram	15
Ca kër seex ya	18
Fonk mbokk.....	21
Bésub neexal	24
Jumtukaayi njàng	27
Dafa bëgg a wéyal njàngam	30
Xadi jàmbaar la	33
Bër bu am solo	36
Mari ca fuwaar ba	39
Jonjante ci xam-xam	42
Mbër feeñ na	45
Mbënn ca Daaru.....	48
Wallu ñi ci mbënn mi.....	51
Boole mooñ 1.....	54
Yeete ci póliyo	56
Dispañseer bu bees.....	59
Feebaru ñas	62
Moytu feebar	65
Ci dëkki taax yi.....	68
Ekool bu set wecc	71
Yàqum kéew gi	74
Sàmm sunu àll bi	77
Ban am na njariñ	80
Réew mu tege ci yoon	83
Àqu Buubu Golo.....	86
Ca Ndumbelaan, jàngì lu war la,	89
Kër Njiitu réew mi.....	92
Sunu sàrdeñu ekool	95
Boole mooñ 2.....	98
Déggoo.....	100
Li war doom ci ay wayjuram.....	103
Saxal jàmm	106
Baale.....	109
Dimbalante ci sunu biir.....	112
Dimbalante ci biir kër gi.....	115
Wegante.....	118
Xale bu yaru te rafet jikko	121
Naka lañuy defe enterwiw	124
Xeex sibbiru.....	127
Gëstu ci enternet	130
Toppatoo telefon portaabal	133
Boole mooñ 3	136
Natt	138



Njàng 1

Ubbite ekool

Weeru sàttumbar jeex na. Mari ak Badu jóge nañu wakaas ci seen maam ngir waajal ubbite ekool. Ren, dañuy jàll ci kalaasu ñetteel bi. Dañu **njaxlaf** lool ndax li ñu war a gisewaat ak seen i xarit. Guddi gi yàgg na lool. Xale yi yàkkamti nañu bët set. Suba teel lañu jóg, sangu ba set. Seen yaay Astu génneel na leen seen i yére. Mari ak Badu solu, ndékki ba suur, wuti ekool. Nu tase ak seen i moroom di nuyoo ak ñoom. Jekki-jekki rekk, ab xale bu góor romb leen, war ci moto, di daw ay xél, yékkati pënd bi.

Badu di moytu, far tarxiis, daldi daanu. Mari yuuxu, daw sëgg ci seexam bi, yaakaar ni dafa damm. Elew yi doon jàngì ak mag ñi doon romb daw ñëw. Ñépp a tiit, wër ko. Ku nekk di wax. Bi Mari gisee ni dara dalul Badu, ci la xelam dal. Badu jóg taxaw, Mari dimbali ko mu faxasu. Ngir bañ a tàrde, seex yi gaawantu jubali ekool. Naka ñu dugg ci ekool bi, seen xarit yi **gatandu** leen, kontaan, di ree, di tàccu. Mari noyyiwaat bu baax, ne Badu : « Bu beneen yoonee, nanu moytu yoon wi. » Ci noonu, Direktëer sone, ñépp dugg kalaas. Seex yi am nañu lu leen bett lool. Madam Jàllo mi leen yore woon daaw nekkatul ci ekool bi. Ren, madam Kan moo leen di jàngal.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

njaxlaf : mooy saa su nit ki sawaree lool ;

gatandu : mooy saa su nit demee dajaji ak ku jëmsi ci moom.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Mari dafa _____ moo tax mu ngi liggeey ci suba ba leegi.

• tàyyeel
• njaxlaf
• feebar

2. Waa dëkk bi dawsii nañu _____ Meer bi.

• ñëwu
• xalaatu
• gatandu

Déggín

wax li ma gis ci sama xel

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la seex yi war a def tey ?

Laaj 2 : Kañ la Mari ak Badu jóg ?

Su ma noppee ma gëmm, xalaat ci lima muse sant te wax li ma gis.

Mbindum kàddu

bind kàddu

Ndigal yi :


1. Ma jàng baat
yi ci niir wi.

2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind.

3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi.

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 2

Yarkat bu mag

Maam Ndeene Ndaw ku bëgg Mari ak Badu la. Sëtam yi am yar bu baax, lu ko **yitteel** la. Suba teel lay jóg yee xale yi. Bu xale yi dee sangu, dafay doxantu ba ca bitig ba, jëndal leen fa meew. Su seex yi di ndékki, seen maam dafa leen di seetlu. Saa su nekk, dafa leen di **soññ** ci ñu fonk li ñuy lekk, moytu di ruusal mburu mi. Tey, bi xale yi di ndékki, muus mi yoot di wut lu mu lekk.

Badu sànni ko aw dàll, muus mi tëb, cëppeelu ci tànkuri Mari, félaale kopp ba, meew ma tuuru. Mari daw làqatu ci maamam, Badu xàqataay. Mari ne bëret, dàqeji Badu. Maam Ndeene siggi xool leen rekk, ñu ne tekk taxaw. Ci lañu dellusi àggale seen ndékki. Bi ñu noppee, Maam Ndeene woo leen ca biir néeg ba ngir fàttali leen. Dafa ne leen : « Nit ku baax dafay dal te du gaaw a mer. Maam Ndeene yokk ci ne kenn warul a def mala lu metti waxuma la nag sa moroomu nit. » Ginnaaw loolu, xale yi rus, xoolante, muuñ, këf seen i saag jubali ekool. Seen yaay ji ko fekke, kontaan lool ci ni seen maam doxale. Yaay Astu gis na bu baax ni ko Maam Ndeene di jàppalee ci yaru xale yi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

yitteel : mooy li ma bëgg a def lool walla ma bëgg koo am lool, li ma ñor, li ma soxal ;

soññ : mooy wax luy defloo nit dara, fàttali ko ngir mu def ko.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Sama pàppa dafa may _____ ne elew bu baax dafay jàng lesɔŋam saa su ne.
2. Waa kër gi _____ nañu gan yi.
3. Li _____ Mamadu mooy mbaaru xaram mi set.
4. Ba ko pàppaam waxee dafay dem seeti maamam ba tey, Ami dafa gën a _____.

- 
- njaxlaf
 - yitteel
 - soññ
 - gatandu

Déggín jëli

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la Maam Ndeene di def su xale yi dee ndékki?

Laaj 2 : Lan la muus mi di def ?

Su ma noppee, ma jéem a jëli liy topp ci nettali bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàd-
du gu jub tey jëfandikoo
baat yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 3

Bésub setal

Tey la dimaas. Seex yi jàngiwuñu. Dañuy jàppale seen i waajur ci setal kër gi. Dañuy jëkk toppatoo seen i néeg. Badu lalaat na lalam, lem ay yéream dugal ci biir armuwaar bi. Mari moo gën a njaxlaf, dafa gaaw defar néegam. Booba, seen nijaay a ngi sang xar yi. Loolu rekk la Mari yàkkamti. Bi mu setalee néegam ba noppi, la gaawantu jàppaleji nijaayam. Nijaay Asan ne ko na téye bu baax buumu xar mi. Xaritam ya doon jaar séen ko, woo ko : « Hee Mari ! » Mari bég lool ba mu leen gisee, di leen tàllal loxo, fàtte ne xar mi la téye. Bàyyi na buum gi te yëgu ko. Xar mi rëcc, daw, gaaw ni melax.

« Jàpp leen ! Kuy ma rëcc na. » Xale yi fiddi, dàqi xar ma. Waa kër ga topp ca. Mari di jooy, gisul xar mi. Badu di ko nax, di **dalal xelam**. Waaye Mari moom, ma ngay xalaat lan la nijaayam di wax. Ñu toog tuuti, dégg coow lu bare ca mbedd ma. Ñu séen nijaay Asan wommat xar mi di ñëw. Mari làqu ci ginnaaw Badu, di xool nijaayam. Kooku séen ko, woo ko, ne ko : « Beneen yoon nanga téye buum gi bu dëgër. » Mari muuñ, **jéggalu**. Ku nekk dellu ca la mu nekkoon. Bi xale yi àggalee seen liggeey, Yaay Astu bég ci ñoom, may leen bisaab bu sedd ñu naan.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

dalal xel : mooy saa su nit ki di wax keneen luy delloosi xelam ;

jéggalu : mooy saa soo waxee nit ki nga tooñ mu baal la.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Nit ki su amee lu ko jaaxal, dangay waxtaan ak moom, _____ am.
2. Nee nanu : am na lu gën feyu. Ku tooñ, dafa war a _____ nu baal ko.



- Jàpp ko
- dalal xel
- teey xel



- falu
- wattu
- jéggalu

Déggín

wax li ma gis ci sama xel

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la seex yi war a def tey ?

Laaj 2 : Mari ak Badu, kan moo ci gën a njaxlaf ? Lu tax ?

Su ma noppee ma gëmm, xalaat ci lima muse sant te wax li ma gis.

Mbindum kàddu


bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 4

Cetug yaram

Faana, xaritu Mari la. Moom ak ay rakkam, seen yaay dafa leen di toppatoo bu baax. Li ko **soxal** mooy xale yi set ci seen yaram ak ci seen col. Benn bés, Faana topp nelaw yu neex yi ba far biddanti. Yaay ji yee na ko ba sonn waaye dara. Bi muy jóg, fekk juroom-ñetti waxtoo ngi waaj a jot. Noonu, mu fëkk saagam, gaawantu dem ekool. Jaarul sax ci raxas gémminam waxuma la sangu. Mu ngi ñaq tooy xepp bi muy dugg ci ekool bi. Bi mu toogee ba dal, ci la door a yëg ne yéream yaa ngiy xeeñ ba **ubale** fépp.

Mu yaakaar ne xet gaa ngi xeeñ xaritam yi. Xelu Faana dalul. Mu ngi leen di moytu bañ a toog ak ñoom bëccëg bi yépp. Bi ñu sonee waxtu noppalu, nanguwul fo ak moroomam yi. Bu ñu ko laaje lu xew, du tontu. Mari mi muy toogal ci jenn taabal, jaaxle lool ci moom, waaye mënko wax dara. Ba ñu sonee la Faana féex. Noonu, mu gaawantu, daw ñibbi. Li mu jëkk a def ba mu àggee kër ga mooy summi yére yi mu soloon, dem sanguji ba set. Tey nag, Faana xam na lu tax yaayam di sonn lool ngir ñu set.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

soxal : mooy saa su am mbir yitteelee nit ki lool ;

ubale : mooy saa su ag xet génnee ba daj fépp.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--|---|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi
te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat
bi jub ci sama
kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci
sama kaye te mottali ko
ak baat bi war. |
|--|---|---|

Tàggat :

1. Kine am na lu ko _____, moo tax muy jàng saa su nekk. Raw ci seen kalaas la bëgg.
2. Sunu madam mu ngi nuy _____ ci setal sunu yaram ak li nu wër.
3. Sa latkoloñ bi _____ na fii fépp.
4. Li Sàmba gis yaayam ekool moo _____.

- 
- ubale
 - soññ
 - dalal xelam
 - soxal

Déggín jëli

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.
Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan moo dal Faana ?

Laaj 2 : Ci nan la deme ekool ?

Su ma noppee, ma jéem a jëli liy topp ci nettali bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 5

Ca kër seex ya

Badu ak Mari seen ay waajur lañuy nekkal saa su nekk. Dañu leen di nettali seen i maam ak seen cosaan ci Jolof. Genn ngoon, bàjjan Aana fekk leen ñu toog, mu ree, laaj leen : « Kan ci yeen ñaar moo may nettali sunu cosaan ? Naka la seen waajuri maam mu góor tuddoon ? Ndax fii ci Kafrin lañu mas a dëkk ? Ñooñu, fan la seen i maam jóge ? » Bi Mari tàmbalee tontu rekk, ñu dégg ay yuuxu ci kër gi **jélloo** ak seen kër. « Wóoy walloo ! Wóoy walloo ! »

Mari ak Badu tëb, daw, jëm foofu. Waa kër gi gén, di seet lu xew. Bi ñu egsee, ñu dégg Wiktoor naan : « Jaan ! Jaan ! » Mari ak Badu daw làqu ci ginnaaw Bàjjan Aana. Pàppa Omar daws, gàddu yat wu rëy. Bi mu egsee, mu xàqataay. Ndekete du woon jaan, sindax la. Mu ne : « Lii di sindax bu ndaw rekk, yéen a **buqat** ! ». Bàjjan Aana ne xale yi : « Nanu dellu kër ga àggale sunu waxtaan ». Bi ñu toogee, Mari nettali ne : « Sama pàppa nee na ñu ; ay maamaatam ñoo ñëwoon dëkksi Kafrin, am na lu ëpp téemeeri at. Sunu maamaati-maam, Moot Ndaw la tuddoon, yaayam tudd Kumba Penda. Ñoom Jolof lañu cosaano. » Seen bàjjan kontaan lool, ne leen : « Yéen, xam ngeen seen cosaan ! Loolu lu baax la ».

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

jélloo : mooy saa su ñaari béreb taqaloo, wonante ginnaaw ;

buqat : mooy saa su nit ki ragalee lool.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bul wiiri soo ko soxlaa, sunu kër yee _____.



- sorewoo
- jélloo
- dend

2. Bu dee loo gis rekk daw, danu naan ku _____nga.



- buqat
- yaru
- dukkat

Déggín wax li ma gis ci sama xel

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Ñan la Mari ak Badu di faral di nekkal ?

Laaj 2 : Lan la Aana bëgg xale yi leeralal ko ko ?

Su ma noppee ma gëmm, xalaat ci lima muse sant te wax li ma gis.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 6

Fonk mbokk

Ñenn ci sunu mbokk yi, Malem Odaar lañu dëkk. Sama ay mag ak rakki pàppa yu jigeen, samay doomi bajjàn ak sama nijaayu pàppa fa la ñu nekk. Sunu mbokk yépp dañuy faral di daje. Dañu koy **ay-ayloo**. Tey, waa Malem Odaar ñoo nuy dalal. Bi ñu nee suba la ndaje mi, man ak sama seex, sama rakk, sama pàppa, sama yaay, sama jenn tànta, sama nijaay ak ñaari doomam ànd nanu jëm Malem. Ñaari oto lanu jël. Diggante Kafrin ak Malem, fanweeri kilomeetar la. Ci yoon wi, ba nuy tollu Mbajaaneen, nu jékki-jékki rekk, dégg am riir. Oto bi taxaw, ñépp jaaxle.

Ma laaj Mari lu xew. Mu ne ma sunu otoo paan. Dinañu guddee tey. Sunu pàppa wàcc, gis ne pono bee bënn. Mu dindi ko bu gaaw, def ci beneen. Nu bég, teguwaat ci yoon wi. Bi nu eggee Malem, nu fekk fa sunu yeeneen mbokk yi. Ñépp daje, di waxtaan, di kaf, di ree. Doomi nijaay yi di tooñ seen i doomi bàjjan. Guddi gi neex lool. Ca ëllëg sa, sunu nijaay ak sunu tànta dajale mbokk yépp. Ci biir waxtaan wi, sama pàppa fàttalinu li nu bokk ak ni nu war a jàppantee. Ñépp ne mii ndaje dafa war a **sax** ndax dafay dëgëral mbokk. Bés bu neex la woon, bu kenn dul fàtte.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

ay-ayloo : mooy saa su kenn jëlee ba noppi jox moroomam mu jël jox keneen ;

sax : mooy loo xam ne dañu koy def saa su nekk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bale kalaas bi danu koy _____.
2. Sunu Muse nee na xale bu baax, yaru, teey, am jom dafay _____ ci jàng ay lesanam.
3. Diggante ñaari kër yu _____ kenn waru fa tuur mbalit.
4. Ku _____ du ñeme xeex.

- 
- sax
 - jélloo
 - ay-ayloo
 - buqat

Déggín jëli

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Yan dëkk la mbokk yi faral di dajé ?

Laaj 2 : Lu tax ñu bëgg mbokk yi di gise ?

Su ma noppee ma jéem a jëli liy topp ci nettali bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 7

Bésib neexal

At mu jot, sunu dëkk dafay am jonante mbind ci ekool yi. Elew bi gën a baax jukki lañuy neexal. Sunu meer bi, jigeen la, am fulla, am faayda, mën a liggeey. Moo tax, moom lañu ndeyale **jonante** bi. Ren, sunu xarit Faana mooy jël neexal bi, ci sunu ekool. Waa kër gi yépp bég nañu ci ndam li mu am. Tey lañuy joxe neexal bi.

Suba teel la èttu ekool bi fees. Kilifa yu bare, ndongo yi ak waajur yi ñëw nañu màggalsi xew wi. Bi fukki waxtu jotee la meeru dëkk bi, Madam Jaxate, yegsi. Mu ànd ak ay kilifa yu bare. Ba ñépp toogee, elew yi tàmbalee woy bàkku réew mi.

Waaye laata ñuy yeggal, asamaan si **xiin**. Jekki-jekki rekk muy taw. Ñépp daw, dem dugg ca kalaas ya. Yàlla baax na, bi ñu toogee fukki simili ak juroom, taw bi séwet. Ñu dellu ca tànt ba, eggale xew wi. Meer bi taxaw, wax li mu waroon a wax. Ñu daldi nag woo Faana. Mu ñëw, bég, jël neexalam. Kanam gi leer nàññ, di ray-rayi, muy muuñ. Ñépp jóg taxaw, tàccu ko bu baax. Faana bég lool, xol ba fees, bët ya taa. Mu téye neexalam, ñibbi kërám, moom, ay waajuram ak ay xaritam.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

joñante : mooy saa su ñuy xëccoo walla ñuy rawante ;

xiin : mooy saa su asamaan si amee niir yu ñuul mel ne luy waaj a taw.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Seen _____ bi dimaas la, nanga ñëw.

- fagaru
- joñante
- jëmale

2. Simili ak saa la, asamaan si _____ ba lëndëm.

- rafet
- xiin
- leer

Déggín joxe ay tontu yu fés ci jukki bi

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan lañuy amal ci dëkk bi, at mu nekk ?

Laaj 2 : Ñan ñoo ñëw ci xew wi ?

Laaj 3 : Lan la nit ñi def bi Faana jotee neexalam ?

Saa su ne, ma wane fan la tontu li nekk ci jukki bi.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- jonante
- xiin



Njàng 8

Jumtukaayi njàng

Ren jii, sunu ekool dafa am gan. Porogaraam « Na Ñépp Jàng » ak **mbootaayu** elew ya fa doon jàngé ñoo fa ñëw. Ay jumtukaayi njàng lañu fa indi. Looloo tax ekool bi amal xew ngir joxe jumtukaay yooyu. Elew bu nekk dina am ay kaye, ay bindukaay ak ay rèddukaay. Dina am itam téere kalaas ak bu kër.

Suba teel la Badu ak Mari ñëw, ànd ak seen i waajur. Ñu solu ba rafet, gàddu seen i saag. Waajur yi toog ci tànt bi. Badu ak Mari bég nañu lool bi ñu gisee jumtukaay yu bare yi ñu rajale ci taabal yi. Kenn ci madam yi ne, na elew yi bokk kalaas dajaloo. Elewi kalaas bu jëkk bi taxaw ci seen kanamu taabal. Nuy buuxante. Ku nekk bëgg nekk ci kanam.

Jekki-jekki rekk, mu am elew bu daanu ci taabal ji. Lépp rajaxoo. Jumtukaay yi tasaaroo. Xale yi di yuuxu. Ku nekk di **tuumaal** sa moroom naan moom la. Yenn waajur yi daws i jàppale Muse Saaña. Nuy nax xale yiy yuuxu. Muse Saaña ne na xale yi for yi wadd, tegaat leen ci taabal ji. Mu soññ leen ñu def ndànk. Mu ne leen : « Ku nekk ci yéen dina am wàllam. » Ca mujj ga, lépp jaar yoon. Ba xew wa jeexee, Mari ak Badu bég lool. Ku nekk gàddu say jumtukaay.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

mbootaay : mooy saa su ay niit dajaloo, boka lu ñu bëgg ;

tuumaal : mooy saa su nit dee jiiñ moroomam dara.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Mari mu ngi _____ Badu ne moo toj kaas bi.
2. Nit ñépp a ngi daw di ñibbi ngir ragal _____ wi.
3. _____ gi yaayu elew yi sos jëndal na ekool Soxna Xari Penda ay ordinaatëer.
4. _____ dàq a jàng bu rëy moo am tey ci diggante waa Mbàkke ak waa Bàmbeey.

- 
- mbootaay
 - xiin
 - jonante
 - tuumaal

Déggín joxe ay tontu yu nēbbu ci jukki bi

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la Porogaraam « Na Ñépp Jàng » ak mbootaayu elew yi jariñ ekool ?

Laaj 2 : Lan mooy wone ne xale yi waajal nañu bésu joxe jomtukaay yi ?

Laaj 3 : Ban taxawaay la jàngalekat yi am ci ndaje mi ?

Saa su ne, ma wone fi ma sukkandiku ci jukki bi ba tontu.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- mbootaay
- tuumaal



Njàng 9

Dafa bëgg a wéyal njàngam

Sali sama magu xarit la. Am na fukki at ak ñett. Fii ak ñaari ayu-bés, dafay def eksame. Mu ngi ko yàkkamti lool. Ku mën a jàng la. Dafa bëgg wéyal njàngam ba dem ci daara yu mag yi. Démb ci ngoon nag, nijaayam dafa ñëw ci kër gi. Waxtaan na ak waajuri Sali lu yàgg. Booba, Salee nga doon jàng. Bi mu téddee, mu jéem a nelaw, mënul, mujj mu **werecekk**. Guddi gi yépp, muy xalaat lu waral waxtaan wu yàgg woowu.

Ca ëllëg sa, ba mu wàccee ekool, mu laaj yaayam lu nijaayam doon dox. Yaay ja muuñ, xamal ko ne dëgëral mbokk donj moo ko fi indi woon. Dafa bëgg doomam ja ca dëkk ba takk ko. Sali jaaxle, ne tekk. Mënatul sax nafar lesɔŋam yi. Muy xalaat lu mu war a def. Ginnaaw **marax**, Sali génn. Reer jot, kenn gisu ko. Waajuram yi jaaxle, di ko seet fu nekk, gisuñu ko fenn. Yaay ji fàttaliku seen waxtaan wa, tàmbalee jooy.

Ba ñaar-fukki waxtu ak ñaar jotee, lañu séen Madamam ànd ak moom, jëmsi ci kër gi. Yaay ji noyyiwaat, gatandu doomam, lëng ko. Pàppaam itam kontaan, sant Madam bi. Kooku xamal leen ne Sali xale bu mën a jàng la.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

werecekk : mooy saa su su nit ki demee ba nelaw jafe ko lool ;

marax : mooy waxtu wi jiitu timis, bu timis di bëgg a jot.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|


Tàggat :

1. Soo bàyyiwul tele bi dem tëddi dinga _____.



- werecekk
- weradi
- jekk

2. _____ warul a fekk xale ci mbedd mi.



- marax
- suba
- bëcceg

Déggín joxe ay tontu yu nēbbu ci jukki bi

Ma déglu te bopp ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la Sali war a def fii ak ñaari ayu-bés ?

Laaj 2 : Lan la nijaayu Sali di wut ci kër gi ?

Laaj 3 : Nan la yaayu Sali def bi mu séenee Sali ànd ak Madam bi di ñëw

Saa su ne, ma wone fan la tontu li nekk ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- werecekk
- marax



Njàng 10

Xadi jàmbaar la

Xadi, fukki at ak ñaar la am. Am-amu waa këram demewul noonu. Moo tax ku am jom la, bëgg jàng lool. Bés bu set, fajar la Xadi di jóg, jàngaat ay lesanam. Bu noppee, dafay dimbali yaayam, toppatoo rakkam ju góor. Bu ñu ndékkee, daw gaaw ekool. Xadi, su ñibbisee te du gont ekool, dafay raxas ndab yi, bàyyi yaayam mu noppalu.

Su wàccee, dafay toog ci kër gi nafar. Rakkam moom, dafay bëgg dem futbali. Su ko defee, Xadi dafa koy woo, dimbale ko mu def liggeey yi ko seen muse sant. Benn bés, yaayam ji **jagadi** booba ak léegi am na ñaari weer ne Xadi mu bàyyi jàng te jàppale ko ci kër gi. Xadi nag bëggul a bàyyi jàng te mi ngi wéy di toppatoo yaayam. Dafay wàcc ekool, togg reer, defar kër gi, fót su amee jot. Madamam jaaxle ndax jàngatul ni mu ware.

Benn bés, Xadi sonn, jooy **xàttit**, dem nettali seen Madam li muy dund. Madamam seeti yaayam, waxtaan ak moom ngir ñu wut pexe. Ci noonu, tàntay Xadi duggsi. Bi mu dégloo madam bi, ci la nangu ne suñu toppatoo njàngum Xadi njariñ lay doon. Mu wax ne dina woo doomu rakkam, mu ñëw dimbale yaayu Xadi ba mu tane. Su ko defee, Xadi mën a eggale njàngam. Xadi nag bég na ci lool.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

jagadi : mooy saa su nit ki feebare, su wéradee ;

jooy xàttit : mooy saa su nit ki amee lu ko naqari ba muy jooy jooy yu rëy, jooy yu metti.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Dafa _____ ndax am lu ko metti.
2. _____ baaxul ci kuy teel a xéy.
3. Maam nee na kenn du dox waxtu wii. Xaaral ba _____ mi masse, nga soog a génn.
4. Aamadu ñëwul ekool tey ndax dafa _____.

- 
- marax
 - jooy xàttit
 - jagadi
 - werecekk

Déggín joxe ay tontu yu nēbbu ci jukki bi

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan mooy wone ne Xadi ku yërëm yaayam la ?

Laaj 2 : Lan moo tax Xadi mēnatul jàng ni mu ware ?

Laaj 3 : Lan moo tax tàntay Xadi woo doomu rakkam, mu ñëw dimbalesi yaayu Xadi ?

Saa su ne, ma wone fi ma sukkandiku ci jukki bi ba tontu.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- jagadi
- jooy xàttit



Njàng 11

Bër bu am solo

Ekool yi dañu bër. Mari ak Badu jàng nañu bu baax. Pàppa Omar ak Yaa Astu bég lool ci ñoom. Ñu bëgg leen neexal, yóbbu leen ci **lël** bu ànd ak po ak njàng.

Bi ñu eggee, Mari ak Badu dal ak seen ay xarit. Ca ëllëg sa la po yi ak liggeeyi xale yi tàmbali. Seex yaa ngi tabax juntuukaay ak ban, ràbb, ñaw, jàng téere ak tàggat seen yaram. Bi ñu toogee ñetti fan, wattukat yi dajale xale yépp. Tey dafa féex. Moo tax xale yi dañuy dem doxantuji ci benn àll ak seen ñaari wattukat. Àll bi dafa ndaw waaye dafa sëq. Yóbbaale nañu njogonal ak ay fowukaay.

Dox nañu lu yàgg soog a yegg. Asamaan si tàmbalee soppiku. Àll bi di xaw a lëndëm. Ñuy dégg ay coow yu **raglu**. Muse Kulibali dajale xale yi, di waññi ñi fa nekk. Mu gis ne Isaa Juuf ñëwul. Ñu woo ko, yuuxu turam. Dara ! Seen baat yiy awu ak coow ya di riir. Jekki-jekki rekk, ñu dégg « Buu !!! » Xale yi tiit, tēb. Ñu geesu gis Isaa ak Madam Kan di ree. Xale yi yuuxu : « Moo ! Nu ngi jaaxle, yaakaar ne Isaa dafa réeroon, ngeen ñuy tiital ! » Népp di xàqataay. Bi ñu doxantoo ay waxtu ci àll bi, Madam Kan woo leen njogonal. Ñu noppi, daldi dellu ca fa ñu dal. Sonnoon nañu waaye bég nañu lool.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

lël : mooy fu ay nit di dajaloo ab diir ñoom kese ;

raglu : mooy loo xam ne dafay tiital nit, lu neexul a ñeme.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bi njulli yi duggee _____ba tey deluwuñu seen i kër.

- ndaje
- lël
- kaar

2. Kenn ñemewul gaynde simb gi, kanamam gi dafa _____.

- lewet
- ubbeeku
- raglu

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Nu xale yi def ren ci seenum njàng ?

Laaj 2 : Ñan la xale yi àndal ci lël bi ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- lël
- raglu



Njàng 12

Mari ca fuwaar ba

Ci **fuwaaru** ren bi, Mari dafa seetsi tàntaam Nafi. Ci kàntin ba mu fa jël lay jaaye ay takkaay yu rafet. Yenn yi moo ko defar, yeneen yi, takkaayi cosaan la yu mu beesalaat. Bi mu lalee njaay mi, dafa toog di xaar ñiy jënd. Jenn jigeen ñëw, yékkati caqu njaxas bu **yànj** bu Mari defaroon bi mu bëree. Mu xool ko, waxaale ko, daldi koy jënd. Mari kontaan. Ba jigeen ja di waaj a fay, di nattaat caq ba, rekk mu dagg. Mu xàcc njënd ma, delloo caq ba. Xolu Mari naqari lool.

Ngir dëfal ko, tàntaam jox ko xalis, ne ko na dem xooli yeneen kàntin ya lu fa am. Mari daldi dem. Yenn saa yi, mu taxaw fii xool benn yére, walla fee, laal fowukaay yi xew bees. Ay xet yu neex di jóge ci yenn kàntin yi. Mu fàtte mer ma. Ba mu egsee ci benn kàntin, mu daje ak xaritam Faana. Ñu ànd di xooli yeneen kàntin. Mari jënd ay tàngal ak ay ngato, may ci xaritam. Bi mu dellusee ci kàntinu tàntaam, mu gis jigeen ja ñëwoon ca suba, takk caq ba daggoon. Tàntaam ne ko : « Bi nga demee doxantuji, dama defaraat caq bi, jaayaat ko ndaw si ». Mari bég lool, daldi ñibbi ak tàntaam. Fuwaar ba daal neexoon na.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

fuwaar : mooy marse bu mag buy faral di am ; dañu fay jaay ak a jënd walla ñu fay xamante ak jaaykat ya ;

yànj : mooy mbir mu rafet lool.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bër nanu. Màggat Saar dafay dem ren Gàmbi ci _____ bi meeri biy amal.
2. Xadi yàkkamti na ekool ubbi ba mu sol yëreem bu _____.
3. Móodu mi nu xamoon bakkul ak Móodu miy teyaatar. Boo ko gisee mu ngi soppeeku, nekk ku _____ kenn ñemewu ko.
4. Ku dem _____ ba ren jii, doo ko rëccu. Màrsandiis moo bëgg am na fa.

- 
- fuwaar
 - raglu
 - yànj
 - lël

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la tànta Nafi di jaay ci fuwaar ba ?

Laaj 2 : Lu tax Mari ne fuwaar bi neexoon na ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :


- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- fuwaar
- yànj



Njàng 13

Jonante ci xam-xam

Ñu ngi ci ayu-bés gi ñu jagleel xumbte ci ekool yu ndaw yi. Ñetteelu kalaas bi Madam Kan yor moo war a jonante ci xam-xam ak bu Muse Saaña. Bi ñeenti waxtu di jot, fekk na Direktëer dalal kilifa yi ak seetaankat yi. Farandoo yaa ngiy woy di tàccu, di **kañ** ekib yi.

Jonante bi tàmbali na. Ñenn ci jàngalekat yi ñoo yor laaj yi. Ñeneen ñi yor àtte yi. Elew yépp a ngi def li ñu mën, di tontu tontu yu baax ci laaj yi. Mu ngi mel nag ni ñaari kalaas yi kenn mënul sa moroom. Ku am poñ rekk, sa moroom dab la.

Bi mu desee laaj yi aju ci lesongi taarix yi, dañu jekki-jekki rekk, kenn déggatul kiy wax. Mikoro bee taxaw. Kuraŋ dafa kuppe. Népp jaaxle nañu. Direktëer ne na ñépp dal te xaar. Xale yi yàkkamti di ñammi-ñammi. Bi ñu demee, ba ñàkk yaakaar, kuraŋ bi ñëwaat. Mu am laaj bu mujj bu saf. Kenn mënul a tontu. Ñii a ngi wokk seen bopp, ñee di màttu di wiccax seen loxo. Badu xool Mari daldi muuñ, Mari mel ni xelam dafa gën a ñëw, gën a leer. Mu tontu rekk, ñépp tàccu. Jox nañu kalaasam poñ yu tax mu jël ndam li. Jonante bi jeex na. Seen farandoo yi **ràññatiku**. Mu dal tuuti, ñi doon jonante joxante loxo ànd ñibbi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

kañ : mooy saa su nit ki dee wax keneen luy tax mu sawar te am jom ;

ràññatiku : mooy ku yëngatu yëngatu bu jéggi dayo.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Ba Moor jotee neexal ba ba léegi mu ngi cëppi-cëppi. Moom dafa _____.

- kuppatiku
- ràññatiku
- jekkadi

2. Fàww ñu _____ ko ndax xale yi def ko royukaay.

- kañ
- bañ
- dañ

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Yan kalaas ñooy jonante ?

Laaj 2 : Lu tax farandoo yi ràññatiku ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat
yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|


Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





- kañ
- ràññatiku



Njàng 14

Mbër feeñ na !

Bu ñu góobee ba noppi, dëkk yi dañuy tëgg mbappat. Muy powum cosaan. Ci mbappat yi la mbër yi daan jonantee, ci lañu daan ràññee jàmbaar yi ci bëre. At mii, waa Sikilo ñoo aye. Foofu laa wakaase ci sama maam Ayda Wilaan. Tey, sunu mbër Booy Doole mooy bëre ak Booy Melax, mbëru Saaña Mbaar.

Ba mbër yi summeekoo, lañu seetlu ne Booy Melax ku am taxawaay la. Waaye buy dox, dafay soox tàñku ndeyjooram. Mu mel ne ku **nasax**. Booy Doole moom, di cëpp-cëppi, di wone dooleem, sawar lool, am kàttan. Mu wóor ko ne mooy daan. Ña mu àndal di yuuxu, sabar ya jolli. Géwal yaa ngi woy. Booy Melax moom ànd ak dal. Yenn saa yi, mu yékkati loxo yi, muuñ.

Ba arbit ba mbiibee, lépp ne tekk. Booy Doole jëmsi ci Booy Melax. Kooku dellu ginnaaw, jiital tàñku càmmooñ ba, mel ni ku koy wootal. Booy Doole topp ko, mu génñ géew ñaari yoon. Arbit bi **artu** ko, ne ko bu ñettee, dina ñàkk. Booy Doole bëgg a këf tàñku ndeyjooru Booy Melax. Kooku gaaw ni ak melax, wër ko ndombo, jàpp ci ndigg li. Booy Doole bëgg a rëcc. Booy Melax yékkati ko, ne ko réll ci suuf. Ñépp jommi. Ku xalaatoon bile jéll ! Booy Melax, gaaw na, am na kàttan. Mbër feeñ na !

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

nasax : mooy saa su nit ki melee ni ku néew doole ;

artu : mooy saa su nit waxe walla defee nit lu koy xamal ne li mu def waru ko def.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Musaa ngiy wadd di dal mel ne ku _____.
2. _____ naa ko ba tàyyi, mu të maa dégg.
3. Du lekk, moo tax mu _____.
4. Gaa yaa ngi _____ seen mbër mi.

- 
- nasax
 - kañ
 - artu
 - ràñnatiku

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Ñan ñoo aye tëgg mbappat ?

Laaj 2 : Ñan ñooy bëre tey ?

Laaj 3 : Lu tax nit ñi jommi ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat
yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- nasax
- artu



Njàng 15

Mbënn ca Daaru

Waa Daaru gëjoon nañu dund guddi gu ni mel. Gaawu, di bésu luuma bi, ci fajar la dëkk bi tàmbalee xumb. Ba fukki waxtu ak juroom jotee, asamaan si xiin, nit ñi di **yolleeku**. Ñu jekki-jekki rekk ngelaw lu jéggi dayo dàq ña fa desoon. Taw bi sóob, ndox mi di wal ci dëkk bi. Ci waxtu yu gàtt, ngelaw li yóbbaa lepp lu jaaykat yi laloon, daaneel ay miiru kër. Ndox mi dugg ci kër yi. Sàkket yi ak cari garab yi di tëmb, fees dell ci mbedd mi.

Néeg yi fees ak ndox, nit ñi gén ci biti di wut wallu. Jigeen ñaa ngi boot seen i doom. Ñuy dimbali mag ñi ñu gén. Góor ñee ngi tekki jur gi waaye xamuñu sax fu ñu leen di yóbbu.

Nees tuut, ñu dégg ay yuuxu. Yaay Daaroo gisul doomam. Népp jaaxle. Fu nekk ñu fay seet xale bi. Bi ñaar-fukki waxtu jotee lañu ko gis, tànta Elen fab ko. Waa kër gi kontaan, gërëm lool tànta Elen. Mu ngi gën a guddi. Ku nekk dajale sa njaboot, seet ruq bu **nugg**, toog fa di xaar. Ndeysaan, xale yaa ngi nelaw ci seen tànki waajur. Noonu lañu fanaane guddi gi yépp di xoole.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

yolleeku : mooy saa su nit ki demee ndànk, te kenn yëgu ko ;

nugg : mooy lu nekk ci diggante tàng ak sedd.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Tàgguwul kenn ba mu béggee dem, dafa _____.

- yolleeku
- fatu
- defaru

2. Ndox mi dafa _____ moo tax mu neex a sangoo.

- nugg
- sedd
- bare

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la nit ñiy def ci biti ?

Laaj 2 : Lu tax ñépp jaaxle ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- yolleeku
- nugg



Njàng 16

Wallu ñi ci mbënn mi

Taw na ñetti fan laata muy séwet. Kenn mënul woon nelaw ci Daaru. Nit ñépp a ngi ci mbedd mi. Kër yu bare daanu nañu. Lu bare yàqu na. Nit ñi jaaxle. Ñu dajalo ci diggu dëkk bi ngir wut pexe. Ca waxtu woowu lañu séen oto yu ranjaloo di ñëw. Ndax Yàlla, ndimbal yaa ngi ! Meer bi ñëw ànd ak yeneen kilifa, ne leen : Balaa ngoon, dinañu leen sampal ay tànt ci pegg dëkk bi. Ñenn dem fa, ñi ci des **nekkandi** ci kalaasi ekool bi. Dinañu leen séddale itam ab dund. Njaboot gu nekk dina jot saaku ceeb, fukki kiloy suukar ak bidoŋu diwlin bu fukki liitar. Dinañu joxe tamit ay mbàjj, ay matla ak ay basañ.

Xeli nit ñi dal nañu léegi. Ña ngay dellu seen i kër jëli bagaas ya des. ale yi dajale jur gi, yóbbu ko ca gétt ga ñu defar ca ginnaaw. Ba midi jotee, oto kamiyoŋ yu fees dell ak ay bagaas egi ci dëkk bi. Népp ran, ñu tàmbalee séddale. Ci noonu, jenn waay ju yàkkamti bëgg a jiitu, buux ñépp. Ña ranjoon mer, di xultu. Am ku ñëw fàttali ko ne ko dafa war a ran ni ay moroomam. Ba fukki waxtu ak juroom-ñaar jotee, la korne oto sàppëer pompiye yi **jib**. Ci lañu leen séen, ñu indi ay moto-pomp, ngir manq ndox mi. Daaru du gaaw a fàtte mii mbënn !

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

nekkandi : mooy saa su nit ki dee toog ci béreb ci diir bu dul yàgg ;

jib : mooy saa su am mbir di waaj a xew, walla muy waaj a egsi.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|


Tàggat :

1. Ba kilifa gi tukkee ba tey Aamadoo fi _____ di ko xar.



- sotti
- nekkandi
- nettali

2. Soo moytuwul sa bopp, yuuxu dina _____ fu ñu ko foogewul.



- tàbbi
- jib
- jeex

Déggín génne njàngat ci ab jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la meer bi jox ña ca mbënn ma ?

Laaj 2 : Lu tax waa Daaru duñu gaaw a fàtte mbënn mi ?

Su ma noppe, ma wax lima jàngat ci jukki bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- nekkandi
- jib

Taxawaay 1

Sabab :

Seen ekool dafay amal ab jonante ngir xam elew bi dàq a jàng. Seen kalaas war na caa bokk moo tax ngeen war a tànn ki leen cay taxawal. Ngir natt la, ki leen di jàngal jox na la jukki bii.

Ngénte kër yaay Nafi

Ba ekool tëjee ba léegi, Sikilo, sama kër maam Sàmba laa nekk,. Ñetti fan laata nuy egisi ci dëkk bi, di bésib dibeer la yaay Nafi am doom ju jigeen. Xale bi dafa rafet. Tey jii lañu koy tudd.

Suba teel la Yaay Nafi jóg, dem sangu. Mu toppatoo liir bi, teg ko ci kaw lal bi. Ba mu noppee, mu defaru ba jekk. Ba juroom-ñeenti waxtu jotee la mbokk yi ak dëkkandoo yi tàmbalee egisi. Am na ñu toog ci basañ yi. Ñeneen ñi toog ci siis yi ñu ranjale ci biir tànt bi. Xew wi mënagul a tàmbali. Imaam bi la ñépp di xaar. Jëkkëru Yaay Nafi bëggul ganam yi xaar lu yàgg. Noonu, mu wax Maam Sàmba mu joxe turu liir bi. Maam Sàmba ne ko mu nég tuuti Imaam ñëw.

Fekk na tànta Ami Kolle wat na liir bi ba mu set. Ba nu xaaree lu mat waxtu lanu séen oto Imaam. Dafa jëkkoon a jaar ci weneen xew. Looloo ko yéexal. Noonu Yaay Nafi indi liir bi. Déey nañu imaam bi turu ki ñu ko war a tudde. Ñu wax ca kaw turu xale bi. Ñepp bég. Ci noonu la woy yi jolli, jigeen ñi di sarxolle, tama yi di jiin. Ñu séddale beñe yi, tàngal yi ak palaati laax yi. Ngénte li neex na ; nit ñi gise nañu, lekk ba suur.

Ndigal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigal yi la muse di jox.

Taxawaay 2

Sabab :

Seen ekool dafay amal ab jonante ngir xam elew bi dàq a jàng. Seen kalaas war nañu caa bokk. Yaw yaa leen cay taxawal. Ngir tàggat la, ki leen di jàngal jox na la jukki bii.

Xorodoom ba ak Mbaam àll ma


Benn bés, ca biir àll bu sori ba, xorodoom yu ndaw yi dañu doon fo ca buntu pax ma ñu dëkk. Ñu ngay njoosante tey dàqante di ree.

Nees tuuti, ñu dégg am riir mu rëy mu ànd ak pënd bu bari. Kenn ca ñoom séen soxna Mbaam-àll ak ay doomam ñuy daw wutsi leen. Mu jalu ne : « Dawleen, tey ñu dee, Mbaam-àll ak njabootam a ngi ñëw ! » Ñoom ñépp ñu fëx. Kenn ku nekk uti fu mu làqatuji. Ndeyu xorodoom ya dégg yuuxuy doomam ya, daw gén, ne Mbaam-àll : « Soxna Mbaam-àll, sa riir mi foor na, yaa ngi tiital sama njaboot gi te dëkkandoo dafa am àq, ku ngeen ci fél ba gaañ ko di ngeen ñu lor. »

Ci noonu, Mbaam-àll taxawal njabootam ga, ne : « Xorodoom, wax nga dëgg. Sama doom yi laa doon jàngal nu ñuy moytoo seen i noon. Xam naa ne, loo am am doole, waroo lor sa dëkkandoo. Waaye na sa xel dal ; kenn ci say doom du loru. Maa ngi jéggalu bu baax. » Ba ñu noppee ca waxtaan wa, Mbaam-àll ak njabootam romb ndànk, dem ; xorodoom yu ndaw ya wéyal seenum po.

Ndigaal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigaal yi la muse di jox.



Njàng 17

Yeete ci póliyo

Ayu-bés gi yépp, rajo baa ngi doon wax ci póliyo. Póliyo, jàngoro la ju bon ci xale. Am na sax xale yu nga xam ni moo tax mēnuñu dox walla daw ni séen i moroom. Tey nag, ñiy yeete ci xeex póliyo dañuy jaar Jàmmagèn. Séen nanu leen ñuy ñëw, oto yi di daw ndànk, ñépp di dégg woyi yeete yi. Mbedd mi fees dell ak i nit. Bàjjanu gox bi moo jiitu, ànd ak mbégte. Jigeen ju ñuul la te njool. Mu ngiy wax ak ñi muy romb, di leen yee ci póliyo. Ànd na ak ay xale yu póliyo daloon yu toog ci siis yuy daw, am ay pono. Léeg-léeg, xale yi di wax, di soññ wayjur yi ci ñuy ñakk seen i doom.

Bi ñu tollee buntu kër Omar, seex yi séen nañu seen nijaay mu yékkati àlluwa ji mu yor. Àlluwa ji, ñu ngi ci bind : ñakk sunuy doom mooy indi kaaràngé. Nit ñi nag bare nañu lool. Foo tollu dégg coow li, tàccu yi ak rajo yi. Am na ay góor, ay jigeen, ay mag ak ay xale. Ñépp a sawar, am mbégte mu rëy ci li ñuy def. Seex yi itam kontaan nañu di tëb, di cëpp-cëppi mel ne lëg yu ndaw.

Xale yi nekk ci kanam di dox niru ay soldaar, ñu ngi tàllal ab morso bu ñu bind ay kàdduy yeete. Kàddu yi dafay fàttali ñépp ne ñakk mooy **aar** xale ci feebar, rawatina nag ci póliyo. Fu ñu romb di dem, seetaankat yu bare topp leen. **Yeetekat** yaa ngiy joxe ay kayit yu ndaw. Kayit yooyu dañuy digle naka la ñu war a def ba dàq póliyo. Bi midi di jot, ñépp jot nañu ci xibaari yeete yi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

aar : mooy saa su nit ki dee toppatoo nit walla mala walla dara ngir mu bañ a gaañu mbaa dara ngir mu bañ a yàqu ;

yeetekat : mooy koo xam ne dafay xamal nit ñi lu am njariñ lu ñu xamul woon.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Ñakk sa njaboot mooy tax nga mën leen a _____ ci feebar.



- tere
- aar
- aal

2. Jamono jii, rajo mooy _____ bi gën a gaaw.



- waxkat
- yeetekat
- defkat

Déggín nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi mu xewe ak ni mu deme

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan moo xew ci jàmmagën tey ?

Laaj 2 : Lan moo tax xale yi toog ci ay siis ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew, fu mu xewe ak nu mu deme.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :


- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- aar
- yeetekat



Njàng 18

Dispañseer bu bees

Jàmmagën, la seex yi dëkk. Meeru Kafrin dafa fa tabax dispañseer. Taax mu yànj la, jege tali bi. Bi ko seex yi gisee, dañu yéemu, xulli seen ay bët, di saf looy yu jommi. Moom kay loo ko sore sore, séen rëyaayam bi ak miiram yu rafet yi. Ci kaw bunt bi, am na àlluwa ju mag. Turu dispañseer bi lañu ca bind.

Dispañseer bi am na bunt bu oto yi di jaar ak bu nit ñi di jaar. Bi nit ñi di jaar bu ndaw la, am ku koy **wattu**. Wattukat bi dafa gàtt, noppi te am fulla ba mel ne gaynde. Ñépp naw ko. Waxtu liggeey, ñiy faju ak ñi leen di gunge rekk lay bàyyi ñu dugg. Yenn saa yi, nit mere ko ci waaye faalewul loolu, du tere sax muy bég di faral rekk di muuñ. Soo duggee, dangay janoo ak ètt bu yaa, am ay fuloor. Ci sa càmmoñ, dafa am ruq su ñuy jaaye tiket, dend ak farmasi bi. Ci sa ndeyjoor, mu am mbaaru noppalukaay. Ci diggu dispañseer bi, am na tabax bu mag bu def néeg yu bare. Ca bunt ya, ñu bind ca : fajukaay, Doktoor...

Ci néeg yooyu la fajkat yu sol yére yu weex, njaxlaf te am yërmande di seete ñi feebar. Bañ yu gudd a ngi ci kanamu fajukaay yi. Ñi feebar ñoo fay toog di xaar. Fi yaay yi di fajoo, tabax bu mag la, rafet te set. Dispañseer bi dafa **bàyyi xel** ñi am jafe-jafey dox. Defaral nañu leen fu ñuy jaar ngir mën a àgg fépp. Moo tax bu ñu fa ñëwee, dañuy bég, doonte dañu feebar.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

wattu : mooy bu nit ki dee sàmm dara ba du yàqu ;

bàyyi xel : mooy saa su nit ki sóoraale dara, def ko ci xelam.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Sàmmkat bi mooy _____jur gi.



- artu
- leru
- wattu

2. Arbit bi mu ngi _____ ci simili yi des ci futbol bi.



- bàyyi xel
- def ndànk
- moytu

Déggín

nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi mu xewe ak ni mu deme

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la dispañseer bi defal ni am jafe-jafey dox ?

Laaj 2 : Lu tax mu am ñu mere kiy wattu bunt bi ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew, fu mu xewe ak nu mu deme.

Mbindum kàddu

bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye
kàddu gu jub tey jëfandi-
koo baat yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





- wattu
- bàyyi xel



Njàng 19

Feebaru ɲas

Xale yi ci ekool bi dañu am naqar. Juroomi fan a ɲi nii seen xarit Faana jàngsiwul. Feebar bu metti, bu nuy wax ɲas mooko dal. Ñu ñibbisi, yàkkamtee gis Maam Nogoy mi seeti woon Faana. Maam Nogoy a ɲi leen di nettali na mu fekke Faana, ba mu demee seen kër. Dafa ko fekk mu tëdd ca èttu kër ga, sonn lool. Yaayam ak pàppaam toog ci wetam, jaaxle, kër ga ne selaw, dara yënguul.

Bakkan baa ngay xelli, **mbaru bët** ya newwi. Bët yaa nga xonq curr, di jooy rekk. Mënul a gis bu baax ci naaj wi. Faana dafay sëqët rekk te fu mu tollu mel ni ku gën a sonn. Yaramam wa tàng lool. Ay tis-tis yu xonq feeñ ci kanam gi. Feeñ nañu itam ci lex yi, ci ginnaaw nopp yi, ci baat bi ak ci tànk yi. Bi doktoor bi ñëwee ci kër gi, ubbiloo ko gémmin gi, dafa gis ne tupp-tupp yi dañu gën a weex. Faanaa ɲi ne làcc, tàyyeel lool.

Xale yi nag jaaxle nañu, ginnaaw ba leen Maam Nogoy waxee **màndarga** yiy wone ɲas. Badu ak Maree ɲi gën a xulli seen i bët yi, tiit lool, ne yugg ne picc yu tawte. Ñoom it seen kër dal ; déggatoo fa dara. Dañu ragal Faana wàll leen feebaram bi. Seen maam dalal na seen xel bu baax, ne leen bu ñu tiit. Bi ñu gënee nekk gone, seen yaay yóbbu woon na leen ñu ñakku. Looloo tax ɲas du leen mënàl dara.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

mbaru bët : mooy li nekk ci diggante xef ak yéen ci bët, mooy kubeeru bët, mooy muur bët ;

màndarga : mooy liy feeñ ba tax ñu mën a xàmme dara.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Du biir buy daw rekk mooy _____ koleraa.

2. Ci suba ba léegi, sama _____ mu ngiy raf.

3. Kuy tabax ekool, war na _____ ñi am jafe-jafey dox.

4. Boo demee dalu njittu réew mi, am na fa ay takk-der yu koy _____.



- bàyyi xel
- mbaru bët
- wattu
- màndarga

Déggin nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi mu xewe ak ni mu deme

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan moo dal Faana ?

Laaj 2 : Lu tax Badu ak Mari tiit ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew, fu mu xewe ak nu mu deme.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- mbaru bët
- màndarga



Njàng 20

Moytu feebar

Tey ci sunu kàrce Jàmmagën, njiitu dispañseer bi, góor gu njool te xees, dafa dajale ñépp. Muy waxtaan ak ñoom ci nu ñuy moytoo feebar. Bérebu ndaje mi dafa set wecc. Mbubb mu weex la sol, ñëw toog ci kanam, bég ci ndaje mi. Ñooñu def ab wërngal. Yaayu xale yi toog ci ay siis. Ñu teg xale yi ci seen wet, ci ay banj. Góor ñi, taxaw ci ginnaaw, di bàyyi xel li ñuy wax.

Tëggkat bi nit ku tuuti la, mu ngi sol tiset bu ñu bind set ak setal. Mu taxaw ci ndeyjooru doktoor bi, daldi tëgg, ne ñu tàmbali. Bi Doktoor Caam nuyoo ba noppi, dafa feeñal mbégteem ci ñi ñëw ñépp, wax leen ñu baal ko ci tàngaayu mbaar mi ñu toog. Mu dellu nag wax soloy cetu yaram, kër ak mbedd. Mu fàttali nit ñi ñu toppatoo bu baax ñakku xale yi. Dafa woote ndaje mi ci kàrce bi ngir soññ nit ñi ñu gën a farlu, di jëfe ndigal yi.

Bàjjanu gox ba nëwoon na. Jigeen ju yem la, sol robb bu xonq. Moo doon **baamtu** waxi doktoor bi. Wax na waa kàrce bi ñu toppatoo bu baax seen wér-gu-yaram ak gu seen njaboot, setal kër yi ni ki ni dispañseer bi sete. Ndax looloo leen di aar ci feebar yi. Ki teewal ndawi kàrce bi jël kàddu ne ndaw ñi takku nañu taxaw. Dinañu dem këroo-kër ngir jottali nit ñi li doktoor bi wax. Mag ñi tamit ànd nañu ci, **fésal** ci mbégte mu rëy.

Tekkim baat | tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

baamtu : mooy saa su nit ki di waxaat walla defaat lu keneen walla moom waxoon walla defoon ;

fésal : mooy feeñal mbir walla dara, walla sax nit ba ñépp gis ko

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat | jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Sa wax ji leerul, mën nga ko _____ ba ñépp dégg ko.
2. Ci bésu neexal bi, ngir _____ elew bi dàq a jàng ci ekool bi, dañu ko yéegal ci lu yékkatiku, ñépp gis ko.

- 
- baamtu
 - fàggu
 - leemtu
 - fésal
 - dëkkal
 - desal

Déggín nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi mu xewe ak ni mu deme

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la njiitu dispañseer bi di waxtaan ak waa jàmmagën ?

Laaj 2 : Lu tax waxtaanu njiitu dispañseer bi yitteel waa jàmmagën ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew, fu mu xewe ak nu mu deme.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





- baamtu
- fésal



Njàng 21

Ci dëkki taax yi

Jamonoy tey, suñu dëkki taax yi dañu rëy, bare nit. Ndakaaru, péeyu réewum Senegaal wone na ko. Ci yenn kàrce yi, kër yi dañu xat, ay nit ñu bare dëkk ci. Nit ñi mënunu yàgg ci biir kër yi, ndax tangaay. Xale yi ak mag ñi dañuy gén, nekk ci mbedd mi.

Mbedd yi dañu xumb, coow li bare lool. Kenn mënul a noyyi bu baax ndax pënd bi ak saxaaru oto yi. Yoon yi dañu xat ndax limu daamaar yu **takku** yi. Lépp dafa naan tacc. Kenn du dem, kenn du dikk. Jaaykat yi taxaw ci digg yoon wi, kàntin yi sës rëkk ci tali bi. Boroom puus-puus yi ak boroom taabal yee yokk xataayu yoon yi. Ci biir kàrce yi, daamaar yi dañuy korne fii, xale yi di yuuxu fee, coow li ne kur... Su guddi jotee, nelaw jafe ndax tegg mu xumb. Su oto mbalit yeexee ñew, kenn du mën a noyyi ndax xet gu bon.

Lii lépp a tax nit ñi am jafe-jafe ci seen wér-gu-yaram. Ngir **saafara** jàngoro joojii, fàww kilifa yi waxtaan ak askan wi, gën a jëmmal seen taxawaay. Kër yépp am póllu mbalit yu ñuy tëj te oto mbalit yi di fa jaar saa su ne. Fàww it ñu yaatal yoon yi te ñu fexe, bu yenn waxtu yi jotee, ñu wàññi tegg mi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

takku : mooy mbir mu bare lool ;

saafara : mooy sasu nit di jéem a indi pexe ci dara.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Nit ñu _____ ñoo ñëw ca tertu ba.
2. Li xew ci dëkk bi leegi doy na waar, war nanu ci wut _____.

- takku
- caalit
- gëstu

- saytu
- saafara
- aafiya

Déggín nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi mu xewe ak ni mu deme

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan moo tax nit ñi mēnuñu yàgg ci biir kër yi ?

Laaj 2 : Lan mooy yokk xatal yoon yi ?

Laaj 3 : Ni dëkk bi mel lan la mën a jural askan wi ?

Laaj 4 : Yan pexe ñoo mën a saafara li xew ?

Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :


- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- takku
- saafara



Njàng 22

Ekool bu set wecc

Ekoolu Ngódiba mu ngi nekk ci buntu dëkk bi. Ekool bu rafet la. Am na kalaas yu jekk, yu ranaloo. Am na ëtt bu xale yi di fowe, su ñu génnee di dallu. Ku dugg ci ekool bi, dangay gis ni mu sete wecc.

Espektiris dafa ñëw ci ekool bi, genn ngoon. Bi mu koy jub, mu seen benn xale di saw ci miir bi. Mu daje ak Direktëer ci bunt bi, ne ko war na toppatoo cetug ekool bi, ndax li mu gis doy na waar.

Waaye bi mu duggsee, am na mbetteel. Cetaayu ekool bee ko jëkk a **yéem**. Taax yi dañu weex tàll, set wecc. Ku leen gis, xam ne ñu ngi leen di toppatoo bu baax. Am na ay garab yu rëy yu am ker ci diggante kalaas yi. Ëttu ekool bi dafa yaatu, suuf sa set. Elew yi ak jàngalekat yi ñoo ko setal. Fi la elew yi di fowe te duñu gaañu. Seen yére it du tilim. Direktëer ak meetar yi dañuy def lépp ba ëttu ekool bi du tilim. Dina mën a nekk bérebu tàggat yaram ak bu jonante. Espektiris bi, xolam sedd lool ci li mu gis. Laataa muy dem, mu ndokkeel bu baax direktëer bi, meetar yi ak elew yi ci cetaayu ekool bi. Mu sant itam njiitu waajuru xale yi ak ñi àndoon ak moom.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

yéem : mooy loo xam ne soo ko gisee walla nga dégg ko dafa lay jaaxal lool ;

ndokkeel : mooy saa su nit ki di wax keneen mbégteem ci ndam walla lu neex lu mu am baa mu xewle ko.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Teertu bi ñu tertu meeru dëkk bi _____ na ma.



- yéem
- tiim
- ameel

2. _____ nanu ekibu jonante xam-xam bu ekool bi ci ndam li mu jël.



- ndokkeel
- jàppale
- wanale

Déggín mândargay jukki bi

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan moo yéem espektiris bi ?

Laaj 2 : Lu tax espektiris bi ndokkeel ñiy yëngu ci ekool bi ?

Su ma noppee, ma joxe mândargay jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- yéem
- ndokkeel



Njàng 23

Yàqum kéew gi

Badu, Wiktoor ak Mari ay xarit lañu. Saa su nekk ñooy ànd. Bi ñuy bër nowel, Madam Kan dafa leen jox benn liggeey bu jëm ci xam-xamu dun.

Ñetti xarit yi dem ca booru dexu Kawlax ga. Melow dex ga dafa leen mas a yéem. Yenn saa yi melow ndox ma dafay dóomu taal. Yenn saa yi mu baxa, walla sax mu wert, moo xam nawet la walla noor. Xale yi daan gis seen moroom yi di féey, di dàqante ak jën yu ndaw yiy ray-rayi. Waaye ab diir a ngi nii, kenn gisatul jën yu ndaw yooyu.

Mbalit mu bare di tëmb ci ndox mi. Foo geestu, biteel ak mbuusu palastig yu ndaw, yu mag, ci melo wu nekk di taxawaalu. Dex gi tilim lool. Badu, Wiktoor ak Mari di xalaat : « Lu tax nit ñi di sànni seen mbalit ci dex gi ? Lu tax nit ñi yàqe nii **kéew** gi ? »

Ci dimaas ji, ñu ànd ak mag ñi ne dañuy set-setal **tàkku dex** gi. Xale yi sol yére yu woyof yu ñu mën a liggeeye, wut ay póllu mbalit yu yaa, ay bale ak ay rato. For nañu mbalit mépp, dindi tilim ji ba fépp set wecc. Xale yi indi itam paan yu mag, ber ci mbuus yi ak palastig yi. Xale yooyu ak seen i mag ñoo tax dex gi setaat, jëlaat melokaanam wu rafet.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

kéew : mooy lépp li nu wër te tax nuy am dundin wu baax walla wu bon. Mën nanu cee lim kër, ëtt, ngelaw, suuf, garab, asamaan, dex, géej, tool, tund ;

tàkku dex : mooy bérebu suuf bi nekk ci jeexitalu ndoxu dex gi te gaal yi mën faa teer.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bu nu setalee _____ gi dinanu fa mën a doxantoo.

2. Aar nañu _____ gi ; ndox mi leer na, jën yi bare nañu.

- kër
- gétt
- tàkku dex

- gaal
- kéew
- kuddu

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la ñetti xarit yi gis ba ñu demee ci tàkku dex gi ?

Laaj 2 : Lu tax nit ñi di tilimal dex gi ?

Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- kéew
- tàkku dex



Njàng 24

Sàmm sunu àll bi

Lëg ak Mbonaat dañu wàcc ekool, mer lool. Bi ñuy ñibbi, dañu fekk Guy muy jooy. Xobam ya mboq, wow koŋ. Mu am naqar wu rëy a rëy. Lëg laaj ko lu xew. Mu ne leen amatul ndey, amatul baay. Ay nit ñu soxor ñoo indi masin ak jaasi, dagg leen. Xam na ne moo ciy topp. Léegi ñu ñëw daaneel ko moom itam. Mu yokk ca ne : « Àll yi dañu yànjoon. Garab yu naat ak ñax mu sëq a wëroon pàkk yi nit ñi dëkkoon. Guy yi, màngo yi, koko yi ak yeneen i garab naatoon lool. Waaye xool leen léegi. Suuf si dafa mar, wow koŋ. Garab yépp a ngiy dee. Ndox gëj na fee toq. »

Naqaru Guy di waaj a jooyloo Mbonaat ak Lëg. Ñu daw wax loolu buur Gaynde. Kooku ne fàww ñu jóg ci. Mu def rabi àll bi yépp ay **kureel**. Ñetti rab yu nekk dañuy jëmbët wenn xeetu garab. Ñu gas ay paxu 15 ba 20 sàntimeetar ci xóotaay. Ñu dugal ci **tos** mi. Ginnaaw loolu, ñu dugal njëmbëtu garab ya, suul pax ya ak suuf, sotti ca ndox. Bi lépp eggee, Gaynde woo rab yi, ne leen : « Àll bi su nu ko sàmmul du baax ci nun. Nanu moytu dagg garab yi ak di taal ay daay. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

kureel : mooy saa su ay nit dajaloo ci menn mbooloo, bokk lu ñuy def ;

tos : mooy li ñuy def ci garab ngir mu gaaw a màgg walla tool ngir mu naat.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Set-setal ci kër gi ak ci mbedd mi bokk na ci toppatoo _____ gi.
2. Ngir sunu _____ am doole dañoo war a farlu te jàppante.
3. Su gàncax gi amul _____ mu doy du mën a rafet.
4. Waa dëkk bi takku nañu set-setal, dindi mbuus yi ak biteel yi nekk ci _____ gi.

- 
- kër
 - gétt
 - tàkku dex

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan la Guy di jooy ?

Laaj 2 : Ci jukki bi, lan mooy wone ne Gaynde mooy buuru rabi àll yi ?

Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 25

Ban am na njariñ

Daaw bi ñu bëree, sama yaay dafa ma yóbbu ci sama dëkku maam. Benn, dañu leen bëggoon a gis, ñaareel ba dañu bëggoon a dem feneen, gis leneen. Foofu, nit ñi ndoxum dex rekk lañuy jëfandikoo. Ndox maa ngiy jóge ci tundu Dindiféloo. Ci biir tool yu sëq te naat la dëkkuwaay yi nekk. Su ngoonee, dañuy dem ca àll ba, rëbbi ay petax.

Kër goo dugg, néeg ya ñax ak ban lañu leen defare. Biir néeg yi dafa sedd, neex. Sama yaay ne ban bi ak ñax mi ñoo tax néeg yi féex. Ban dafa **am solo** lool ci dundinu waa dëkk bi. Ndaa yi ban lañu ko defare, yenn ndab yi itam. Sama maam am na sax ay caqu ban.

Sama yaay di **deñ kumpa** jenn jigeen juy defar ndaa. Mu ame danku ban, jaxase ko ak ndox, di ko liggeey, liggeey bu yéeme. Ban bi di soppaliku, tàmbale rattax, am melookaanu ndaa lu am nopp. Mujj ga loolu nekk kopp. Jigeen ja may ma ko. Sama yaay xool ma, muuñ, ne ma : « Gis nga, su nit juddoo, dafay mel ni danku ban. Ñi lay yore ak ñi la wër ñoo lay def li nga nekk. Ñooy tax nga baax walla nga bon. Suuf, ndox, ban dañu am solo ci dundin. Sunu moomeel la, ñoo ko bokk. Dañu ko war a sàmm. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

am solo : mooy loo xam ne dafa am njariñ lool, baax ci dundu nit ;

deñ kumpa : mooy koo xam ne danga bëgg a xam lu nekk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bàyyil _____ , dafay tax kenn du la wóolu.

- tayyel
- deñ kumpa
- xamadi

2. Fexeel ba li ngay wax ak nit ñi _____.

- am aajo
- am alal
- am solo

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Loo xalaat ci xale bi ?

Laaj 3 : Jukki bi, ñaata pàcc la am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|


Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





- deñ kumpa
- am solo



Njàng 26

Réew mu tege ci yoon

Jamono ji rabi àll yi daan waxtaan, Lëg dafa mës a ñëw seetsi Gaynde. Dafa wutsi woon xam-xam ci ni réew di doxe. Réew mi dafa tegu woon ci ay sàrt yu leer. Ci wetu Gaynde, buuru àll bi, dafa am menn mbooloo muy teewal bépp rabu àll. Dañu doon daje ci ron genn benteñe gu mag. Dañu fa daan waxtaane wàllu yoon ak jafe-jafey réew mi. Mbooloo mi, ñetti mag ñoo ko jiite : Ñay, Ngaaka ak Fasu àll.

Meneen mbooloo ma ay àttekat lañu. Njamala, Segg ak Golo ñoo ko jiite, di wax rab yépp ñu jëfe li yoon tëral. Ay kër yu taaru, lañu tabax ci ab kàrce ci **péey** bi. Kër yi dañu taqaloo, def genn rañ. Ña fa dëkk ñooy wattu biir réew mi. Ñooy wattu tamit **dig** yi mu am ak yeneen i réew yi ci wetam.

Dañu doon yar doomi rabi àll yi ci ay béreb yu ñu tànn. Am na ci ñoom ay doktoor yuy faj ñi feebar. Ni réew mi di doxe dafa yéem Lëg. Kenn ku nekk dafa doon def li ko war te du jalgati li ñu tëral. Népp xam nañu ne jikko ju rafet a ngiy tàmbalee ci fonk yoon.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

péey : mooy dëkk bu mag bu boot ay dëkk-dëkkaan ;

dig : mooy fiy wone fi ñaari réew yi daje.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Liggeey bu _____ la fi xale yi defoon daaw.
2. Ku _____ lu la dal yaa ko teg sa bopp.
3. Boo yeggee ci _____ wi, dangay fay balaa ngay jàll.
4. Kawlax _____ la ci Senegaal.

- 
- dig
 - péey
 - deñ kumpa
 - am solo

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Fan la mbooloo miy teewal rabu àll yi di dajé ?

Laaj 2 : Lu tax Lëg yéemu ?

Laaj 3 : Jukki bi ñaata pàcc la am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat
yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 27

Àqu Buubu Golo

Buubu, golo gu ndaw gu muus la. Ñetti at a ngi nii, muy jàngi ekool. Juroom-ñetti at rekk la am waaye terewu ko xam ay àqam. Jigeen ji koy jàngal moo ko ko xamal, moom ak waa kalaasam.

Buubu Golo nag, fi mu dëkk dafa rafet lool. Tool bu naat a fa nekk ak ay garab yu rëy. Li Buubu gën a bëgg mooy yéeg ci garab yu rëy yi, di **call-calli** caroo-car. Yenn saa, mu njoowaanu ci bàñqaas yi. Coow li ne kurr ci kër gi. Looloo tax, waa kër gi, muy ndaw, muy mag, muy góor, muy jigeen, ba ci dëkkandoo, ñépp a ngi jàmbat li Buubu Golo di def.

Ku wax, Buubu Golo gis boppam, daldi mer. Ci saa sa, mu tàmbale gaññ, di yuuxu, di jàmbat, naan li muy def dafa tegu ci yoon. Mu ne dem jàngi **wareefam** la. Noonu itam la fo ci garab yi nekke àqam, rawatina bu jàngee lesanam ba mokkal. Yaayam dafa koy faral saa su coow amee. Jàpp na ne, doomam ku yaru la. Bu noppee jàng rekk lay faral di yéeg ci kaw garab yi. Donte xale la ci kër gi, war nañu ko nangul àqam.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

call-calli : mooy di tëb fii, di tëb fale, di cëpp-cëppi doo mën a toog benn béreb ;

wareef : mooy li nga war a def, mooy sa warugar ak sa nekkín ci ligeeyu kër gi, walla ekool bi, walla dëkk bi.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bu ñépp defoon seen _____ kon dëkk bi dina set.

- nekkín
- wareef
- cofeel

2. Tey la aniwerseeru Yaasin, mu ngiy _____ fu ne, yàkkamti ubbi neexalam yi.

- lekk
- call-calli
- nelaw

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan mooy wareefu Buubu Golo ?

Laaj 2 : Lu tax dëkkandoo Buubu Golo yi di jàmbat ?

Laaj 3 : Jukki bi ñaata pàcc la am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 28

Ca Ndumbelaan, jàngì lu war la

Benn bés ci oktoobar, àll baa ngi rafet, ñax mi bare lool. Rab yépp xam nañu ne bër bi jeex na, xale yi dañu war a jàngì. Bésu ubbite bi, Gaynde, buuru àll bi, dafa ndékki ndékki lu neex. Bi mu noppee, mu ne dafay doxantuji ba fi ñuy jàngè. Dafay seeti ndax ñépp a ngi ci jàmm.

Gaynde tegoo na manto bu jot, sol maraakiis yu xonq, tegu ci yoon wi. Dënn bi la jiital, ubbi paxi bakkan yi. **Céq** maa ngiy naaw ci ngelaw li, gën ko jox jëmm. Lëg, mi koy xelal a ngi ci wetam. Fu mu jaar, rab yi sukk nuyu ko, may ko mu jàll. Bi muy romb tool yi, mu gis Bukki ak njabootam ñuy fo. Ñu ngi tëb, di dal, di sab.

Gaynde jekki-jekki rekk mel ni ku dég jam. Mu tëb, ñar ba Lëg yaakaar ne xolam bi dina gén. Àll bi **ne selaw**, kenn ñemewul yëngatu. Buur Gaynde laaj Bukki lu tax xale yi demuñu jàngì. Bukki tiit, tàmbalee dër, di lox, mel ni ku liw. Bi ko Gaynde jubee, mu daw dugg ci biir àll bi. Gaynde ne Lëg na dem yëgal ñépp ne, léegi, xaley Ndumbelaan yépp ay dem jàngì. Mu neex leen mbaa mu naqari leen. Waajur wu yóbbuwul doomam dinañu ko teg daan bu metti.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

céq : mooy karaw gu bari giy wër loosu mala yi mel ni fas, mbaam, gaynde ak aña ;

ne selaw : mooy saa soo déggul benn coow, lépp ne tekk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bi fas wi rëccee, Musaa dafa ko dàq, jàpp ci _____mi.



2. Dégguma benn coowu mala ci àll bi, lépp a ngi _____.



Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Loo xalaat ci taxawaayu Buur Gaynde ?

Laaj 3 : Jukki bi ñaata pàcc la am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 29

Kër Njiitu réew mi

Kër Njiitu réew mi mu ngi nekk ca biir Dakaar. Mbedd mu mag mi ñu tudde Lewopool Sedaar Senoor moo jaar ca bunt ba. Ci kër yi gën a mągg la bokk. Am taax mu mag la, weex, am jëmm. Li ngay jëkk a seetlu mooy ñaari sàndarma yu **ne jodd**, sol yëre yu xonq am lu ñuul. Ci seen ginnaaw, samp nañu fa ay weñ yu ñuul te am taxawaay, cat ya ñaw.

Boo duggee, aw yoon wu ñu rëdd lu xonq ngay gis. Foofu ngay jaar ba egg ci taax mu mag ma. Ngay gis, ci wàll gu nekk, gàncax gu ñu toppatoo ba mu rafet. Soo téenee, dangay gis **raaya** réew mi. Am na beneen raaya bu ndaw bu nekk ci suufam. Raaya bu ndaw boobu mooy wone ni Njiitu réew maa ngi fi, tukkiwul.

Taax mu mag mi nag, ñetti etaas la am. Laata ngay yéeg ci iskale yi, am na ci wet gu nekk gaynde gu ñu tëgg. Bunt bu mag a mag ci ngay jaar ngir dugg ci biir taax mi. Lépp a ngi ne selaw, fépp set wecc. Ci ètt bi, oto yaa ngi féete ci wetug càmmoñ gi. Foo xool sàndarma yaa ngi taxaw. Ginnaaw kër gi dafa jàkkarlo ak géeg gi ; ngelaw lu féex di upp. Kër gi daal, kenn mēnu ko romb te doo ko xool.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

ne jodd : mooy saa su nit ki taxawee, jub xocc ;

raaya : mooy piis bu am wenn walla melo yu bare mel ni wert mbaa mboq mbaa xonq. Raaya mooy darapo. Ci màndargay réew la bakk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Ngisali dafa tiit ci nelaw, tëb, _____ taxaw.

- ne jadd
- sos
- ne jodd

2. Sunu _____ réew ñetti melo la am ak benn biddeew ci digg bi.

- raaya
- misal
- bàkk

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Fan la kër Njiitu réew mi nekke ?

Laaj 2 : Lan la raaya bu ndaw bi di tekki ?

Laaj 3 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 4 : Loo xalaat ci xale bi ?

Laaj 5 : Jukki bi ñaata pàcc la am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigaal yi :


- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- ne jodd
- raaya



Njàng 30

Sunu sàrdeñu ekool

Sunu ekoolu gox, fukki kalaas ak ñaar la am. Miir bi ko wër am na ñaari bunt. Ci buntu bu ndaw bi lañuy jaar ngir dem ci sàrdeñ bi. Muse Seen, benn meetaru ñaareelu kalaas, mooy jiite ñiy toppatoo sàrdeñ bi. Kalaas bu mag bu nekk, dafa fa tànn benn góor ak benn jigeen. Ñooñu ñooy nekk mbooloo miy toppatoo sàrdeñ bi.

Ci diggu sàrdeñ bi, am na ab robina ak am mbalka. Elew yi dañuy root **mbalka** mi ba mu fees dell bés bu jot. Loolu mooy tax ñu am ndox su robina tëjee. Sàrdeñ bi am na ay arosuwaar, ay peel, ay rato ak ay burwet. Dañu fiy bey lujum ak meññeef. Boo duggee, ci sàrdeñ bi, njëmbëti lujum yi dañu leen def ay rañ yu mag. Ay yoon yu ndaw teqale leen. Ci sa ndeyjoor, njëmbëti meññeef yi dañu leen def ay genn-wàllu wërngal. Sàrdeñ bi dafa naat, garab yu mag wër ko.

Elew yiy liggeey ci sàrdeñ bi dañuy ànd ak mbégte ak cawarte. Fa lañuy jàngé lépp lu jëm ci gàncax. Su lépp ñoree, sàrdeñ bi dafay neex a xool, am xet gu neex. Su ñu wittee, dañuy denc genn wàllu lujum gi ngir kàntinu ekool bi. Geneen gi, ñu jaayi ko ca **ja** ba. Elew yi ñooy denc xalisu njaay mi. Ñooy fay itam yi ñuy jënd ak faktiiri ndox mi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

mbalka : mooy béreb bu ñu tabax di ci def ndox, walla di ci raxas ay ndab ;

ja : mooy fa ñuy jëndee ak a jaaye ; mooy marse.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Dugalal lujum yi ci biir _____ mi, nga raxas leen !
2. Lu mu naan _____ ci diggu kër gi nii ?
3. Ci bayaal bi ci wetu _____ ba am na ay xar yu bare melo.
4. Sunu Muse nee na nu nataal _____ Senegaal.

- 
- raaya
 - teen
 - mbalka
 - jodd
 - ja

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Lan lañuy ji ci ekool bi ?

Laaj 2 : Nan la xale yi di def xalis bi ñuy jële ci toolu ekool bi ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



Taxawaay 1

Sabab :

Seen ekool dafay amal ab jonante ngir xam elew bi dàq a jàng. Seen kalaas war nañu ca bokk moo tax ngeen war a tànn ki leen cay taxawal. Ki leen di jàngal jox na la jukki bii ngir tàggat la.

Doxantu ca kër yamb ya

Abiib bi mu yeewoo tey, dafa gis jànt bi di fenk ndànk-ndànk, rafet lool ci asamaan si. Xolam neex, kanamam di rayy-rayyi. Tey dafay wuti lem ca àll ba. Nijaayam lay àndal, moom ak xaritam Maajoor.

Moom ak Maajoor dañu niroo jikko doonte seen jëmm yi wuute na. Abiib dafa xees pecc, gàtt, sew. Maajoor moom dafa ñuul, njool, am yaram. Xale yi ak seen nijaay sol ay yère yu muur seen yaram bu baax. Ñuy dox ñoom ñett, jëm ca àll ba. Bi ñu egsee, ñu séen genn garab gu am aw xëb. Ñu sol seen ay gan yu eggi ba ci seen conc. Ku nekk sol sa mbaxana, muur sa kanam ak piis bu woyof ngir yamb yi bañ la mätt.

Seen nijaay taal ay ñax ci suufu garab gi. Mu ne leen, bu saxaar si duggee ci xëb wi, yamb yi dañuy tiit, naan ci lem ji, mändi, daldi nelaw. Su ko defee, dootuñu mën defe dara. Abiib ak Maajoor topp seen nijaay, di ko xool, jàpp ci yéream ndax dañu xaw a buqat nag. Kooku, jël benn bant bu am car bu dëgër. Mu dugal ko ndànk ci sugum gi, ubbi ko. Lem ji daldi feeñ, xeeñ fépp. Seen nijaay dëngal ndànk xëb wi, sotti lem ji ci ay pot. Loxo xale yi taq ci lem ji, ñu koy mar, di tàqamtiku.

Ndigal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigal yi la muse di jox.

Taxawaay 2

Sabab :

Seen ekool dafay amal ab jonante ngir xam elew bi dàq a jàng. Seen kalaas war na caa bokk moo tax ngeen war a tànn ki leen cay taxawal. Ngir natt la, ki leen di jàngal jox na la jukki bii.

Baay Aali

Baay Aali mooy nappkat bi gën a xarañ ci sunu gox bi. Soo ko gisee, góor gu gàtt la te nuru ku am kàttan. Dafa njaxlaf ba mel ni waxambaane wu am ñaar-fukki at. Loxo yi dañoo wow konj ndax mbaal yu diis yi mu yàgg di xëcc. Dafa bari jàmm te yéwen ci alalam. Nit ku baax la, te it, nappkat la bu xam liggeeyam. Ku ko soxla, géej nga koy fekk ndax amul jeneen yitte ju dul napp. Du dem géej mukk, te solul mbubb kaaràngé mi koy aar ba tax du lab.

Benn bés, suba teel, Baay Aali diri mbaalam wuti géej. Ngelaw laa ngi sedd, lay bi bare ba kenn du gis fu sori. Baay Aali sànni na mbaalam. Bi mu toogee ab diir mu yëg ne mbaal mi diis na. Bi mu sэгgee di ko xëcc, gannax gi yëngal gaal gi. Baay Aali tarxiis, daanu ci ndox mi. Ñi nekkoon ci tefes gi yuuxu. Am ñu ne nanu daw walluji ko. Waaye, balaa ñuy am gaal gu ñu yéeg, ñu séen Baay Aali jàpp ci boppu gaal gi.

Bi nit ñi egsee, ñu ngi ko fekk mu téye mbaal mi ci beneen loxoom. Nit ñi dimbali ko mu xëcc mbaal mi. Ndekete, li mbaal mi jàpp ci jën moo bari. Ñépp noyyiwaat. Bi Baay Aali teeree, dafa sédd ñépp ci jën yi.

Ndigal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigal yi la muse di jox.



Njàng 31

Déggoo

Ñetti dëkk a fi nekkoon nii, rabi àll yi dëkke leen. Rab yuy **watatu** ñoo nekkoon ci dëkk bu jëkk bi. Picc yee ngi woon ci ñaareelu dëkk bi. Yiy dox ak seen ñeenti tànk ñoo féete woon ci ñetteelu dëkk bi. Saa su nekk, ñuy xuloo. Seen diggante neexul woon.

Am bés, musiba gane fa. Genn dex gi leen boole woon moo faf **déy**. Foofu lañu doon naane, di fa nappe ak a beye. Ngir gén ci jafe-jafe boobu, lal nañu ay pexe yu bare waaye benn àntuwu ci. Jaaxle dikkal na leen.

Bés, jinney dex gi gén, ne leen : « Boo leen béggee jàmm sax fi, fàww ngeen déggoo. Bu xol yi nekke benn, dara du leen jafe. » Ci noonu, rab yépp daje ci tefes gi, joxante loxo, baalante àq. Naka la kanam yi leer, ñu dégg ndox miy ball. Simili ak saa la, dex gi fees.

Noonu, jinne ji ne leen : « Bu ngeen béggee jàmm sax fi, topp leen lii ma leen di digal :

- sàmm àqi dëkkandoo ;
- dimbali sa dëkkandoo bu jaaxle ;
- jëfandikoo ni mu ware li ñépp bokk ;
- moytu lépp luy yàq kéew gi ;
- bañ a indi fitna ci dëkk bi ;
- faral di waxtaan ci jàmm ci lépp luy doxal dëkk bi ;
- jàppalante saa su nekk. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

watatu : mooy su nit walla mala dee direeku ndànk-ndànk ;

déy : mooy saa su ab teen amatul menn ndox, dem ba wow.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Ba béy wi gaañoo ci tànk bi ba tey, mënatul dox, dafay_____.

2. Waa dëkk bi soxla nañu fooraas ndax teen bi fi nekkoon _____ na bu yàgg.

- tàyyeel
- den kumpa
- watatu

- sedd
- déy
- fees

Déggin tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Yan rabi àll ñoo nekk ci ñaareelu dëkk bi ?

Laaj 3 : Yan ñetti digle yu ëpp solo la jinne ji joxe ngir jàmm am ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 32

Li war doom ci ay wayjuram

Xale am na lu ko war ci ay wayjuram. Kon nag, yaw sama xarit jàppal bu baax te jëfe **dénkaane** yii.

Yi ci jëkk :

- bégal leen te fonk leen ;
- moytu di leen merloo, te foo tollu di wut lu leen bégal ;
- déggal leen, jëfe seen i ndigal te moytu seen i tere ;
- di leen tàggu sooy bëgg a dugg ci dara, ndax seen xalaat am na solo.

Yi ci topp :

- farlu ci toppatoo leen su ñu jëmee mag ;
- may leen jàmm te suturaal leen ;
- di leen taxawu su ñu feebaree, wutali leen garab te di leen jox ñuy lekk ;
- bañ di soow ak a yuuxu, su ñuy nelaw walla ñuy noppalu ;
- taxaw temm ci seen i soxla, te sawar ci liggeeyal leen ;
- gaaw ci dox seen i yónnent te di ko def ag mbégte.

Yi ci mujj :

- am yéene teral leen te di ko jéem sa **kem-kàttan**.
- bañ leen di teg lu ñu mënul ; yamale soxla yi nga leen di teg.
- di leen sàmmle alal ji ci kër gi ndax dañoo sonn soog koo am.

Sama xarit, wayjur dañu koy moytu bu baax a baax. Moom, doj la, doom nen la.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

dénkaane : mooy li ñu lay wax nga war ko jàpp bu baax walla li ñu lay jox nga war ko denc bu baax ;

kem-kàttan : mooy lépp loo mën ci am mbir.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Xale nga, toppal _____ yi mag ñi def.
2. Defal sa _____ ba sa menn moroom du la raw ci jonante bi.
3. Sa mbubb maa ngiy _____, yëkkati ko.
4. Déeg bi _____na bu yàgg.

- 
- watatu
 - dénkaane
 - déy
 - kem-kàttan

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan la xale war a def su ay wayjoram di nelaw walla ñuy noppalu ?

Laaj 2 : Lu tax xale war a moytu def ay wayjoram lu leen naqari ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 33

Saxal jàmm

Àdduna li muy yaatu yaatu, jàmm a fi gën lu dul moom. Kon nag, nanu ko fexee **saxal**. Ku bëgg jàmm, fu mu mën a nekk, na sax ci ndigali mag ñi.

Yi ci jiitu mooy :

- wut jàmm ci bépp jamono ;
- moytu lépp luy indi mer ak réeroo ;
- nangu wuute ay xalaat su nu dee waxtaan ;
- muñalante, jéggalante su **njuumte** walla réeroo amee ;
- daw xuloo ak xastante saa su nekk, tey wax dëgg.

Yi ci topp mooy :

- yékkati ak màggal koo gis ;
- yéene sa moroom li nga yéene sa bopp ;
- fonk ak weg képp ku ñu war a jox cér ;
- teg nit ñi lu ñu àttan, moytu di sonalaate ;
- bañ a wor ñi ngay jëflanteel ci lépp.

Yi ci mujj mooy :

- moytu di xeebaate ak di jéppée ;
- moytu di dugg ci lu sa yoon nekkul ;
- moytu tooñ nit ñi ci sa làmmiñ, mbaa ci sa jëf ;
- moytu bépp xeetu tooñ ak yabeel ;
- jubale ñu ñàkk a déggoo ba ñu àndaat doon benn ;
- fàttaliku saa su nekk ne jàmm a gën lu dul moom.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

saxal : mooy fexe ba dara di wéy di am, mën na tekki itam jëmbët ;

njuumte : mooy wax walla jëf ju nit def te teyu ko.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Defal sa _____ ba indil ekool bi ndam.

- kem-kàttan
- jàppale
- jikko

2. Maam Faali woo na nu, jox nu _____ yii :
 - nangeen déggal seen i wayjur ;
 - nangeen nangu jàng ;
 - nangeen moytu xuloo.

- dénkaane
- xel
- pexe
- solo

Déggin tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Njàng mi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Limal ñetti ponk yu mën a saxal jàmm ?

Laaj 3 : Lu tax jàmm a gën réeroo ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 34

Baale

Saa su nekk, njiitu dëkk yi ak kilifa yi dañuy waxtaane mbir yu bare. Jamono yii nag, ànd nañu ñoom ñépp ne war nañoo fàttali askan wi lan moo tax baale am solo. Xamal nañu nu ne, su baale amul, jàmm du am. Baale ñépp la war.

Ci li ñu jàpp, ñi ngi wax ne : « Dangeen a dëkk ak ay nit ñu ngeen bokkalul jikko ci kàrce bi. Ñii dañu **laabiir**, bëgg nit ; ñeneen ñi dañu naqari deret. Am na ñoo xam ni bokku leen aada, diine walla gis-gis. Su ngeen bëggee dund ak ñoom ñépp ci jàmm :

- nangeen leen di jéggal di jéllale seen i njuumte ;
- nangeen leen nangul seen i sikk, te xam ne ñoom, noonu lañu mel ;
- buleen jànni ki ñëw ci yeen di sàkku ndimbal walla mu bëgg ku ko xelal. »

Ñu dolli ci ne :

- nangeen leen dalal, déglu leen bu baax, dimbale leen ci seen i jafe-jafe ;
- buleen fas seen kanam bu ñu ñëwee ci yeen ;
- nangeen def lu ngeen mën ngir dimbale way-laago yi.

Mën nañu wax ne nit ñi dinañu jëfe li ñu dégg ndax loolu lañu seetlu ci seen i wax saa su nekk.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

laabiir : mooy saa su nit ki dëkke di def lu baax ngir dimbale keneen ;

fas kanam : mooy saa su nit ki tëjee kanamam ba nuru ku mer.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Dinanu namm sunu Madam lool ndax dafa bëgg xale te dafa _____ .

- soxor
- bëgge
- laabiir

2. Xamuma lu Màggat mer waaye boo ko gisee ma nga _____ ga.

- kaani
- fas kanam
- muuñ

Déggin tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Ñan ñoo séq waxtaan wi ?

Laaj 3 : Lu tax kilifa yi di waxtaan ci baale ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|--|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi
ma war a
bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|--|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 35

Dimbalante ci sunu biir

Ca Kër Móodu Sala nit ñi dañuy dimbalante. Ku am soxla, muy mbokk, dëkkandoo walla xarit, dañu koy jàppale. Am bés, boroom dëkk bi woote am ndaje. Menn mag wax nit ñi, rawatina ndaw ñi, ne leen : « Bu nu béggee dëkk, dëkk bu neex ci Kër Móodu Sala, fàww nu dimbalante. »

Mag mi dolli ci ne : « Li nu war kenn ku nekk mooy :

- nanu dimbale ñi nu dëkkal ak ñi ko soxla ci mbey mi ;
- dëkkandoo bu am **xadd** bu yàqu, nanu ko dimbale mu defaraat ko ;
- nanu jàppale nit ñi am xew ;
- nanu taxawu ñi néew doole ;
- nanuy **nemmiku** mag ñi ak ñi feebar. Soxla nañu di nu gis ci seen wet. »

Meneen mag yokk ci ne : « Li nu war ci li nu bokk nag mooy :

- nanuy bale mbedd yi ak pénc yi ngir setal dëkk bi ;
- nanu di saytu njàngum xale yi ci ekool yi ak daara yi ;
- nanu di saytu te tappatoo sunu doom yi nekk ci daara yu kawé yi ;
- kenn ku nekk ci nun, mag ak ndaw, na fexe ba ñépp am jàmm.

Sunuy jàppalante tey yërëmante, dinanu am dund gu neex ci sunu dëkk. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

xadd : mooy ñax miy muur kaw néeg bi ba dunu séen asamaan si ;

nemmiku : mooy seet nit ngir xam ci lu mu nekk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat


jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Maam Nogay dafa _____ ; lu mu am séddale na ko nit ñi.
2. Aadama dafa dugg kalaas rekk _____ gi, Madam woo ko di waxtaan ak moom.
3. Ngelaw li naawal na _____ bi.
4. Ndax _____ nga sa maam, ci suba ba leegi ubbiwul.

- 
- nemmiku
 - laabiir
 - xadd
 - fas kanam

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Nan la nit ñiy dunde ca kër Móodu Sala ?

Laaj 3 : Lu tax jàppalante am solo ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.


Mbindum kàddu bind kàddu


Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat
yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 36

Dimbalante ci biir kër gi

Sunu waa kër Daaru lañu dëkk, ci Kafrin. Man la, sama maam ju góor, sama maam ju jigeen, sama pàppa, sama yaay, sama rakk, sama nijaay, sama umpaañ ak samay doomi nijaay. Sunu yeneen mbokk yi ñoom, ña nga ca yeneen i gox. Sama maam ju góor, jiy kilifa kër gi, dafa bëgg, léeg-léeg, njabootam yépp di daje.

Ci menn ndaje, mu ne nu :

- nangeen di faral di daje ndax ngeen gën a xamante ;
- nangeen di boole seen bopp ci yenn xewi waa kër gi ;
- nangeen di faral di seeti seen i mag ak rakk, seen i nijaay ak yeneen mbokk yi, dina tax ngeen xam ci lu ñu nekk.

Mu dolli ci ne :

- na gone yi weg mag ñi ; mag ñi yëram gone yi ;
- nangeen xam li xale yi soxla ci ekool bi, di ko toppatoo bu baax ;
- nangeen fexe ba njaboot gi yépp juboo, bu mu am benn **noonoo** ;
- na njaboot gi yépp di jàppalante. Ngeen dimbale ñi ko **aajowoo** ci juntuukaay te di leen taxawu ci seen jafe-jafey àdduna.

Waa kër gi déglu nañu bu baax te dégg nañu li sunu maam wax. Nee nañu dinañu jëfe bu baax li mu leen xelal.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

noonoo : mooy saa su ay nit bañantee di defante lu ñaaw, lu baaxul ;

aajowoo : mooy saa su nit ki soxlaa mbir.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu


Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Ànd leen juboo, bu leen _____ mukki ; xaritoo leen.

2. Toppatool say wayjur, taxaw ci lépp lu ñu _____.

- 
- bennoo
 - daje
 - noonoo

- 
- topp
 - aajowoo
 - dëkkandoo

Déggín tēnk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan moo war ci diggante gone ak mag ?

Laaj 3 : Lu tax njaboot gi war a dimbalante ci seen biir ?

Su ma noppee, ma tēnk ay pàcc ci jukki bi.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat yi
nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 37

Wegante

Ca Maabo, xale yi maase dañuy faral di daje. Ndaje yooyu dañuy am benn yoon, ci ayu-bés gu nekk. Ci ndaje yooyu, lañuy waxtaane lu jëm ci ñoom ak lépp lu jëm ci dëkk bi. Benn bés, ñu daje ngir waxtaane lu jëm ci naka lañu war a jariño xaaalis bi leen Meer bi jox. Am ñu wax ne dañu ko war a def ci ekib bi, am ñeneen ñu wax ne dañu ko war a defarewaat ekool bi.

Ci noonu rek, am ku ne moom àndul ci yooyu. Xaaalis bi dañu koy séddoo ku nekk dem. Mu neex ak mu naqari. Coow li jóg, kenn déglóotul sa moroom. Ñenn ñi naan ko li nga wax du fi ame, ñi ci des ne ñoom ànduñu ak moom ci ni mu waxe waaye li mu wax dëgg la. Ñu bëgg a sax réeroo ba di waaj a jàppante.

Ci la boroom xel mu rafet jóge ne leen :

- nanu **wegante** ba bu kenn wax kenn lu ko metti ;
 - nanu di baale **rëcc-rëcc** yi sunu moroom yi di def ;
 - bu kenn jalgati sàrti mbooloo mi ci ndaje yi ;
 - nangeen won ñépp ne xalaat yépp a am solo doonte dañu wuute.
- Mu dolli ci ne : « Lii, su nu ko defee dinanu gis bunt. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

wegante : mooy saa su ku nekk joxee sa moroom cér, bañ di ko wax walla def lu dul noonu ;

rëcc-rëcc : mooy li nit ki juum def ko walla wax ko, li mu def walla mu wax ko te tayu ko.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Baal ko _____ yi mu def.
2. Nanuy _____ su nu bëggee sunu ànd neex !
3. Juboo leen, _____ dafay yàq diggante.
4. Meeri bi dafay jox ndékki ekool yi ko _____.

- 
- aajowoo
 - rëcc-rëcc
 - wegante
 - noonoo

Déggin tënk pàccu jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Limal ñetti ponk yu ñu digle ci wegante ?

Laaj 3 : Lu tax wegante ci sunu biir war a nekk wareef ?

Su ma noppee, ma tënk jukki bi ci ay kàddu.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- wegante
- rëcc-rëcc



Njàng 38

Xale bu yaru te rafet jikko

Ci sunu ekool, Madam Kan dafa nuy xelal lu baax, saa su nekk. Dafay faral di joxe ay **misaal** yu nu mën a jàpp ci yar ak teggin. Lu defar sunu jikko rekk lanuy digal. Lépp lu nu Madam sant, sunu njariñ la. Benn bés, mu gis Mari ànd ak maamam. Maam Jaa nga yenu ab ëmb, gàddu ab siwo. Mari mu ngi dox ci wetam.

Bi ñu doxee ba mu yàgg, yen bi diis, maam ji taxaw, ne fàww mu noppalu. Mari moom mu ngay fo di dem. Ci la ko Madam Kan woowe, ne ko :

- boo gisee mag mu gàddu багаас bu diis, gaawal gaaw téyeel ko ko ;
- boo duggee ci oto, gis mag mu taxaw, bul mel ne ku ko gisul, jógal may ko mu toog ;
- boo dégge mag di woote, bul wéy di fo, mel ne ku ko déggul ; demal wuyu ko ;
- deel déglu bu baax su la mag di xelal.

Bi Mari ñibbee, dafa daldi tàmbalee jëfe li ko Madamam digal. Xaaratul mag di ko ñaan ndimbal. Mari dootul **gàntu** saa su ñu ko yónnee. Gën naa fonk yaayam, pàppaam, ay maamam ak waa koñ bi.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

misaal : mooy li nuy wone walla joxoñ ngir mu gën a leer ;

gàntu : mooy bañ a def li ñu bëgg nga def ko, mooy lànk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Maam suy yar dafay _____ lu bare ci léeb.

- raxas
- laaj
- misaal

2. Aadama jàngul bu baax, looloo tax yaayam _____ ko bi mu tàggoo bëgg a dem kermes ba.

- nangu
- gàntu
- teeru

Déggin tēnk jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan la Madam Kan digal Mari ?

Laaj 3 : Lu tax Mari di jëfe bu baax waxi Madam Kan ?

Su ma noppee, ma tēnk jukki bi ci ay kàddu.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 39

Naka lañuy defe enterwiw

Madam Kan dafa ne xale yi dañuy jàng tey ni ñuy defe **enterwiw**. Mu ne xale yi nañu dem waxtaani ak muse yi. Xale yépp dem. Bi ñu demee ba mu yàgg, ñu nēw waaye kenn indiwal dara. Bi mu leen laaje lu tax, xale yi ne ko xamuñu lan lañu war a laaj ak naka lañu koy laaje. Ci noonu, Madam Kan ne leen, ñaar ñu nekk nañu беру laajante naka lañu gisee ni ñuy dunde ci biir ekool bi. Su ñu noppe ñu tēnk naka lañu defe waxtaan wi.

Bi xale yi noppee, ba waxtaan ci seen biir, ci la leen Madam Kan xamale ne, ku bëgg a def enterwiw, am na ay sàrt yu mu war a jaar. Dafa war a :

- def ay gēstu ci ki muy war a waxal, ci dundam ak ci liggeeyam ;
- bind laaj yi laata muy toog ak ki muy séqal waxtaan ;
- jàpp bésu daje ak moom te wut jumtukaay bu mel ne mañetofon bu **mucc ayib** bu mēn a jēl wax.

Madam Kan yokk ci ne : « Jàkkaarloo ak nit di ko laaj yombul. Looloo tax, kuy laaj war na :

- dalal jàmm ganam, tegal ko ndox ak kopp ;
- su dee tàmbali, wax ñi koy déglu, ki muy waxal kan la ;
- taxaw tuuti, diggante laaj yi, ngir noppalu te may ki muy laaj mu noppalu ;
- bañ di dagg ki muy waxal, bàyyi ko mu wax ba noppi balaa mu koy laajaat ;
- gērēm ko su noppee. »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

enterwiw : mooy aw waxtaan wuy am, kenn di laaj keneen di tontu ;

mucc ayib : mooy saa su mbir amulee benn sikk, dara bañ ci yàqu.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Bi ekool bi jëlee ndam ci jonante bi, def nanu _____ ak Direktëer.
2. Ci _____, meer bi rëdd na fi ñu war a tabax kër doktoor ci dëkk bi.
3. Sama maam nee na : liggeey bu baax dafa war a _____.
4. _____ na ma ñetti yoon ; dootuma ko laaj dara.

- 
- gantu
 - mucc ayib
 - misaal
 - enterwiw

Déggin tēnk jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan la Madam Kan di jàngal xale yi ?

Laaj 3 : Lu tax kiy def enterwiw di yore mañetofon ?

Su ma noppee, ma tēnk jukki bi ci ay kàddu.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :


- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- enterwiw
- mucc ayib



Njàng 40

Xeex sibbiru

Bu jëkkoon, ku sibbiru dalaan dañu daan foog ne jinnee ko jàpp. Lu nekk ñu duggaan ca te daawuñu sax dem kër doktoor. Léegi nag nit ñi am nañu beneen taxawaay. Nawet jegesi na. Yee nañu nit ñépp ci naka lañuy aare seen bopp ci mätt-màttu yoo yiy joxe sibbiru. Rajo yi ak tele yi ñu ngi ciy wax, di fàttali nit ñi ne **fegu** moo gën faju. Waa gox bi yépp tàmbali nañoo gën a xam sibbiru ak ay màndargaam.

Ab **surnaal** siiwal na, ci mbind mu am solo, naka lañuy xeexe sibbiru. Pàppa Omar moo ko jënd, indi ko ci kër gi. Mari ak Badu jéem nañu ko jàng. Seen yaay a leen ci jàppale. Bi ñu noppee, dañu wax ne ku bëgg a xeex sibbiru na sàmoonte ak lii surnaal bi wax :

- dindi taa-taa ndox yi ci pegg kër yi ;
- fatt fépp fu yoo mën a làqu ba nen fa ;
- farlu ba am sàнке bu ñu nàndal ;
- weer sàнке bu bees bi ci ker, lu mat benn fan, laata nu koy jëfandikoo ;
- tàmmal sunu bopp di nelaw ci sàнке bu ñu nàndal, rawatina ci jigeeni-wérul yi ak ci xale yi.
- taal garabu yoo ngoon gu jot, su nuy féexlu ci biti.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

fegu : mooy bu nit ki di moytu, aar boppam ba feebar du ka daaneel ;

surnaal : mooy kayitu yéenekaay biy joxe xibaar bés bu nekk.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñewul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. _____ moo gën xaar ba sibbiru dal la ngay wuti sàanke bu ñu nàndal.

- fàtte
- feebar
- fegu

1. Sunu madam tàmm na jàng _____ ci waxtu noppalu wi.

- cere
- surnaal
- nettali

Déggin tēnk jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan mooy joxe sibbiru ?

Laaj 3 : Lu tax fegu gën faju ?

Su ma noppee, ma tēnk jukki bi ci ay kàddu.



Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye
kàddu gu jub tey jëfandi-
koo baat yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.





Njàng 41

Gëstu ci enternet

Enternet am na njariñ ci jamono jii. Muy góor, muy jigeen, muy mag, muy ndaw, ñépp a ci am soxla. Mën nga ci jële ndimbal ci diir bu gaaw. Jéem a xam naka ngay def ba mën a gëstu ci enternet am na solo. Duudu moom xamagul lan mooy en²ternet, lan lay jariñ ak naka lañu koy jëfandikoo. Mari, mi nga xam ne moom ak seexam Badu mokkal nañu lu bare ci ni muy doxe, mu ngi yee Duudu. Mari leeralal na Duudu lan mooy **motëer-wut**. Xamal na ko ne lépp lu nit bëgg a xam su koy seet, motëer-wut bee koy wër fépp fu mu nekk ci enternet bi indil ko ko ci lu gaaw.

Mari dafa newaat Duudu : « Ci gàttal daal, sooy gëstu ci enternet lii ngay def :

- jëkkal fexe jukkoo ak **lëkkale** gi lay jox enternet. Bu jukkoo amul ci sa ordinaatëer walla sa portaabal, doo mën a jëfandikoo enternet ;
- tànnal motëer-wut bi ñuy woowe Guugal, su jukkoo amee ;
- boo tànnnee Guugal, bësal ci liy màndargaal Guugal ci seetukaay bi ;
- bindal baat walla kàddu giy wone li ngay seet ci rektàngal bu mag bi feeñ su boyet bi ñuy waxtaanee ubbikoo ;
- bësal ci benn bi nga soxla ci tontu yi toppante ;
- demalal sa bopp leegi. Haa, looy xaar ? »

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

motëer-wut : mooy juntuukaayu enternet bu nuy gëstoo, mu nuy wërali tontuy sunuy gëstu ;

lëkkale : mooy li lay jökkale ba nga mën a jot ci enternet.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. Jàngal _____ bi, ci sunu ekool bi lay wax ci ndam li mu am.
2. Nanu _____, wut sàanke bu ñu nàndal ba mucc ci sibbiru.
3. _____ bi ma tànn moo tax ma mën a dugg Guugal.
4. Bu _____ gi néewee doole, doo mën a jökkoo ak kenn ci enternet.

- motëer-wut
- surnaal
- lëkkale
- fegu

Déggin tēnk jukki

Ma déglu te bokk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 2 : Lan nga war a jëkk xam ci enternet ?

Laaj 3 : Lu tax nu war a gëstu ci enternet ?

Su ma noppee, ma tēnk jukki bi ci ay kàddu.

Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|
| 1. Ma jàng baat yi ci niir wi. | 2. Ma xalaat kàddu gi ma war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu gu jub tey jëfandikoo baat yi nekk ci niir wi. |
|--------------------------------|-------------------------------------|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- motëer-wut
- lëkkale



Njàng 42

Toppatoo telefon portaabal

Mari jël na ndam li ci jonante bi amoon ci seen ekool. Ñu ngi tudde ndam li xalima wurus. Pàppaam neexale na ko telefon portaabal. Xaritam yu bare ñëw, ku nekk bëgg a gis telefon bi. Ñu ngi wër Mari ; nanguwul kenn ku ko laal. Ku ko bëgg a xool moo koy téyeel boppam, ne la xoolal te bul laal. Mari gëmewul telefon bi mel ni bu ko nit laalee dafay seey. Faanaa ngi naan ko lii telefon rekk la, kenn du ko lekk, kenn du ko naan. Maree ngi koy tontu naan ko : « Duma bàyyi ngeen koy daaneel ekaraŋ bi di toj, dama koy sax denc. »

Ci noonu la nijaayam duggsi, mu laaj ko naka lañuy toppatoo portaabal. Asan ne Mari :

- li nga war a jëkk def mooy nga def ci batëri bi kuraŋ ba mu fees dell ;
- li ci topp mooy saa sooy sàrse, nanga jël sàrsekaay bu ànd ak sa telefon ;
- nanga wut **kiiraay** gooy teg ci kaw ekaraŋ bi ngir bañ mu toj ;
- regleel yu mel ne làkk wi ngay liggeeye, bés yi ak waxtu yi jot, sa kàrt sim, moo xam benn walla ñaari piis nga am ;
- nanga xam ne mën nga yokk **dàmbu** telefon gi. Bu boobaa, na nga wut kàrt biy dugg ci dàmb gi, nga dugal ko ci dalukaayam.

Tekkim baat

tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

kiiraay : mooy lépp luy aar dara ba du gaaw a yàqu walla jur jaaxle ;

dàmbu : mooy béreb bi telefon bi di denc yi mu soxla te ñu koy wax memuwaar.

Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng ci kaw jukki bi ci njàng mu jub te gaaw.
2. Su ma juumee, ma xaar sama moroom yi jubbanti ma, ma jàngaat ko.
3. Su ma noppee, ma xaar sama moroom yi jàng jukki bi, ma jubbanti leen su ñu juumee.

Tekkim baat

jëfandikoo baat bi ci ag kàddu

Ndigal yi :

- | | | |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|
| 1. Ma jàng kàddu gi te seet li ñëwul. | 2. Ma tànn baat bi jub ci sama kàddu. | 3. Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te mottali ko ak baat bi war. |
|---------------------------------------|---------------------------------------|---|

Tàggat :

1. _____ dafay tax sa telefon du gaaw a am ayib.

- lekk
- kiiraay
- coono

2. Sa _____ telefon dafa ndaw. Looloo tax du jël widewoo ak nataal yu bare.

- saaku
- seetu
- dàmbu

Déggín tēnk jukki

Ma déglu te bakk ci liggeey bi.

Ma jàng jukki bi yépp te tontu ci laaj yi.

Laaj 1 : Jukki bi, ci lan lay wax ?

Laaj 1 : Lan lanu neexale Mari bi mu jëlee ndam li ci jonante bi ?

Laaj 2 : Lu tax Mari war a wut kiiraay guy tegu ci telefon ?

Su ma noppee, ma tēnk jukki bi ci ay kàddu.


Mbindum kàddu bind kàddu

Ndigaal yi :

- | | | |
|-----------------------------------|---|--|
| 1. Ma jàng baat yi
ci niir wi. | 2. Ma xalaat
kàddu gi ma
war a bind | 3. Ma bind ci sama kaye kàddu
gu jub tey jëfandikoo baat
yi nekk ci niir wi. |
|-----------------------------------|---|--|

Ma topp ñeenti digle yii :

1. Sama kàddu jub na.
2. Am na aji-jëf, waxe ak mottal.
3. Ma jëfandikoo tomb yi war.
4. Baat bi feeñ na bu baax ci sama kàddu.



- kiiraay
- dàm

Taxawaay 1

Sabab :

Ngir waajal la ci natt biy jeexal at mi, seen muse walla madam jox na la jukki bii ci suuf.

Ay nit fu ñu bokk nekk, war nañu tëral ay doxalin yu ñépp war a jaar. Loolu dafa nekk lu am solo, luy tax ñu mën a am jàmm, dund dundin wi gën. Ekool nekk na béreb bu ay nit di daje saa su nekk. Bérab la bu ñuy jàngé, di fa yaroo. Ñi ko séq bare nañu. Waaye ñaar ñii, kenn ëppu leen ci solo ; muy elew yi ak jàngalekat yi. Sàrti dundin wi dafay fàttali nit ñi nekkin wi leen war ci ekool bi. Ekool bu nekk war na def ay waxtaan yu yaatu, jël xalaatu ñépp ngir xool li baax ci nekkin wi mu digle ko. Su boobaa, ñépp a ci war a jaar. Ekoolu jàmmagën nag, gornamanu elew yi ak jàngalekat yi ci njiital Direktëer tënk nañu sàrt yi. Ñépp a ko war a jëfe.

Elew bi, dafa war a :

- ñëw fukki simili balaa ñuy sone ;
- set ci yéreem ak ci yaramam ;
- moytu bind walla saw ci miir yi ;
- moytu tilimal ekool bi ;

Meetar bi war na :

- ñëw ekool fukki simili ak juroom, laata ñuy sone ;
- jàngal xale yi te yemale ñépp ci kalaas bi ;
- bañ a dóor ci yaram, bañ a saaga ;

Sàrt nekkinu ekool wi, dañu ko war a jàng ci kalaas yépp.

Ndigal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigal yi la muse di jox.

Taxawaay 2

Sabab :

Ngir waajal la ci natt biy jeexal at mi, seen muse walla madam jox na la jukki bii ci suuf.

Dawal welo

Sàmm sa kaarànge, wareef la ci ku nekk. Benn bés, Badu dafa war weloom di fo ci kaw tali bi. Ñu jekk-jekki rekk dégg lu ne téll. Ndekete Badu moo dal ci benn oto bu taxawoon. Népp daw wër ko. Bi mu jógee, ñu gis ne gaañuwul. Boroom oto bi ne ko : « Boo yoree welo ci mbedd mi, dafa war a am yooy bàyyi xel :

- danga war a daw ci peggu tali bi, di jéggee fi ñiy dox war a jaar, di romb woto yi ci wetu càmmooñ, di leen galan ci wetu ndeyjoor ;
- war nga itam di sàmmoonte ak làmpi tegtal yi, di def ndànk booy jub selebe-yoon walla nga taxaw balaa ngaa jéggi ;
- ginnaaw loolu, tere nañu ku daw ci diggu tali bi, yenn yoon yi walla fu oto yu mag yi di jaar. Li ko waral moo di kiy daw ak welo, moom ak ñiy dox ak seen i tànk ñoo bokk àtte ;
- bul fàtte ne xél yu bari baaxul. Am na ay sàrt yuy yemale walla di tere dem ak dikk ak welo ;
- booy dawal téyeel bu baax say gidonj ak sa ñaari loxo ;
- nanga sol mbaxana mu lay aar ci boo daano te bañ a dawal guddi.

Képp kuy dawal welo war na sàmmonte ak digle yii ngir bañ a lor boppam walla keneen. »

Ndigal :

1. Jàngal jukki bi te biral ko.
2. Jëfeel ndigal yi la muse di jox.

Sabab

Ekool a ngiy tëj, ñu war leen a natt. Kilay jàppale jox na la ñetti jukki yi ci suuf ngir tàggat la.

Aniwerseeru seex yi

Tey la aniwerseeru Badu ak Mari. Fukki at lañu am. Yaa Astu dafa woo seen xarit yi, ñu fekke ko. Nijaay Asan yóbbu seex yi ak seen yaay ci ootom ñu duggi mårse. Bi ñu yeggee mårse, dañu jubal taabalu Paa Idi. Moo leen jaay li ñu soxla. Léegi dañu war a gaaw jël seen oto ñibbi. Bu ñu eggee defar lépp, balaa waxtu wi di jot.

Ñu génn, gisiñu dara. Ana oto ba ? Seen nijaay dafa dem bàyyi leen ? Amatuñu xalis, yaay Astu fàtte telefonam ; nu ñuy def leegi ? Siitëtëtët ! Badu mer. Muy xalaat naan xaritam yi dinañu ñëw fekk dara du noppi. Lii mooy nattu ! Yaa Astu bëgg a woo ab taksi, waxaale ngir su eggee fay. Ñu jekki-jekki rekk dégg piib ! Waaw kéy, Asan la ! Dafa gaare woon fu sore moo tax mu yéex. Xale yi ak seen yaay bàyyi taksi bi, dugg seen oto, dem.

Ci kër gi, ñu fekk Pàppa Omar, Maam Nogay ak xale yi takk bal yi ci bunt yi ak palanteer yi. Seex yi daldi solu ba rafet. Ci taabal yi, am ay tàngal ak xeetu lekk ak naan yu nekk.

Yaay Astu indi ngandim ngato. Ñu fay làmp yi, taal sondeel yi. Ñépp di woyal Mari ak Badu « Aniweerseer moo neex ! » Ñu gis lu ne ràyy. Bàjjan Nafi moo doon foto xale yi. Aniwerseer bii, benn dàqu ko.

Taaru sunu ekool

Suñu kàrce Jàmmagën, am na ekool yu bare. Waajuri xaley kàrce bi ak sax waajuri xaley yeneen kàrce yi, sunu ekool lañuy indi seen i doom.

Suñu ekool yaatu na, rafet na. Miir bu gudd moo ko wër. Kalaas yi dañu leen pentuur ak pentuur bu mboq. Tabax yi dañu wër ëttu ekool bi, am ci seen diggante ay garab yu mag. Bàngaasi garab yi dañu róofaloo te bare ay xob. Loolu moo tax garab yi am ker, xale yi di ci fo bu ñu génnee.

Sàrdiñe bi jàmbaar la. Moo defar gasoŋ bi. Gasoŋ bi dafa wert, rafet, am ay tóor-tóor. Ay yoon yu ndaw yu jub te am suuf su nooy, su set wecc ñoo ci nekk. Sàrdiñe bi mooy roose gasoŋ bi, di buddi ñax mu bon mi.

Kalaas yi dañu yaatu, féex ndax am nañu bunt ak palanteer yu yaatu. Miiri kalaas yi dañu set. Meetar yi ñoo wutal kalaas bu nekk ay nit ñu koy bale.

Gàrdiñeŋ bi am na kër ci ekool bi. Kër gaa ngi ci bunt bi, ñu pentuur ko ak pentuur bu roos. Boo ko rombee, dinga gis beneen tabax bu am ñaari néeg yu yaatu. Foofu mooy waañ wi ak kàntin bi, ndongo yi di fa lekke. Xale yu bare ci kàrce bi, dañu bëgg a jàngé ci sunu ekool bi ndaxte dafa taaru.

Dimbale mag

Maam Bakari moo mag ci koñ bi. Soo ko gisee, bët yi neexatuñu te dafa màggat ba sëgg. Moo tax benn bant lay doxe. Benn bés mu génñ di doxantu far réer. Dox na lu yàgg waaye xàmmeetul kër gi. Bi mu toogee ci suufu genn garab di noppalu, ay jigeen romb ko, nuyu ko. Bala mu leen di laaj ñooñu dem nañu. Tey moom, Maam Bakari nar na am coono.

Ci noonu, xale yi jóge woon ekool fekk ko mu togg. Bi ñu ko laajee lu muy def foofu, mu ne leen dafa réer. Xale yi jàpp ci bant bi di waxtaan ak moom ba ca kër ga. Bi ñu ko nettalee seen yaay, mu ne leen def ngeen lu rafet. Mu yokk ci ne leen :

- deeleen gunge maam buy jëndi dara ci biir dëkk bi ;
- deeleen ko doxal ay yónnent ci yeneen kër yi walla ca ja ba ;
- su ngeen gisee mag mu bëgg a jéggi tali, dimbali leen ko mu jéggi ndax daamaar yi duñu daw ndànk ;
- buleen toog, bàyyi mag mu taxaw su ngeen bokkee oto ;
- buleen di seetaan mag ñi ñuy xaar lu yàgg ci ran yi, nangeen leen di may ñuy jëkk a jàll fu ngeen tase ak ñoom.

Ndigaal

1. Jàngal benn ci jukki yi te biral ko.
2. Jëfeel ndigaal yi la muse di jox.